O`zbekstan Respublikası Xalıq ta`limi Ministrligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» kafedrası

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» qa`nigeliginin`
4 «a» kurs studenti

Oraqbaeva Gumisay Bisenovnanın`

«Diyxan-fermer xojalıqlarında o`ndirislik esaptı sho`lkemlestiriw, analizlew ha`m auditlewdi jetilistiriw» temasındag`ı bakalavr

# PİTKERİW QA`NİYGELİK JUMISI

İlimiy basshı: dots.,e.i.k. Torebekov A

Kafedra baslıg`ı: dots.,p.i.k. Gaypova R

No`kis - 2013

Mazmunı

Kirisiw ___________________________________________3
I-Bap. Bazar ekonomikası fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabın sho`lkemlestiriwdin` nızamshılıq tiykarları _________________6
1.1 Fermer xojalıqlarında o`nim satıw, pul-kredit ha`m salıq ma`seleleri ___6
1.2 Fermer xojalıqların ma`mleket ta`repinen qollap-quwatlaw ha`m olardı rawajlandırıw perspektivaları ________________________17
1.3Fermer xojalıqlarında o`nim jetistiriwdegi mashqalalar ha`m sheshimler 25
II-Bap. Fermer xojalıqlarında o`ndirislik esaptı sho`lkemlestiriwdi jetilistiriw 32
2.1 Fermer xojalıqlarında buxgalteriyalıq esabın ju`rgiziwdin` a`piwayılasqan forması _______________________________32
2.2 Diyxan-fermer xojalıqlarına kreditler beriw ta`rtibi ha`m onın` esabı ___38
2.3. Fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabın sho`lkemlestiriwdi jetilistiriw jolları __________________________________________43
Juwmaqlaw ___________________________________________62
Paydalanılg`an a`debiyatlar _____________________________65

## Kirisiw

Ma`mleketimiz awıl xojalıg`ında alıp barılıp atırg`an ekonomikalıq reformalar tu`rli mu`lkshilik ha`m xojalıq ju`ritiw formasındag`ı xojalıq sub`ektlerin qamrap alıp, olardın` rawajlanıwı ushın qolay huqıqıy, sho`lkemlestiriw-ekonomikalıq sha`rayatlardı jaratıw arqalı xalıqtı azıq-awqat o`nimlerine ha`m sanaattı shiyki zatqa bolg`an mu`ta`jin tolıg`ıraq qandırıwg`a qaratılg`an bolıp tabıladı.

Bu`gingi ku`nde ma`mleketimizde xojalıq ju`ritiwdin` orta tovar o`nimin jetistiriwshi g`a`rezsiz fermer xojalıqları, mayda tovar o`nimin islep shıg`arıwshı diyxan xojalıqları perspektivalı dep belgilendi ha`m bular boyınsha nızamlar ha`m kerekli huqıqıy ja`ne normativ hu`jjetler qabıl qılındı.

Ma`mleketimizde bul a`hmiyetli wazıypanı a`melge asırıwda diyxan-fermer xojalıqlarının` ornı ayrıqsha u`lken.

Respublikamız awıl xojalıq xojalıqları tolıg`ı menen fermer xojalıqlarına aylandırıldı. Demek, bul jetiskenlikterdi esapqa alıw ha`m olardın` artıqmash qa`rejetlerine jol qoymaw, waqtında nızamlarg`a say esap-kitap jumısların a`melge asırıw, buxgalteriya esabı jumıslarının` sho`lkemlestiriliwine de baylanıslı. Buxgalteriya esabı qansha anıq a`piwayı ha`m tu`sinikli, sonday-aq, du`n`ya ju`zilik standart talaplarına say sho`lkemlestirilse sol xojalıqtın` ekonomikasının` ko`teriliwine, islewshileri da`ramatları asıwına imkaniyat jaratılıdı.

O`zbekstan Respublikası g`a`rezsizlikke eriskennen son` diyxan-fermer xojalıqların rawajlandırıw maqsetinde Prezident İ. Karimovtın` qatar pa`rmanları ha`m hu`kimet qararları qabıl qılındı. Endilikte diyxan-fermer xojalıqları ma`mleketimiz awıl xojalıg`ında xojalıq ju`ritiwdin` perspektivalı formalarınan biri dep ta`n alındı.

Joqarıdag`ılardı esapqa alıp diyxan-fermer xojalıqlarının` rawajlanıw ma`selesine ja`ne de teren`irek jantasıw ha`m olar xızmetin izertlew, bar bolg`an huqıqıy ha`m normativ hu`jjetlerdi olardın` rawajlanıwına ta`siri ha`m lazım bolsa bul hu`jjetlerge o`zgerttiriwler kiritiw boyınsha ilimiy- a`meliy usınıslar islep

shıg`ıw ha`zirgi ku`ndegi a`hmiyetli wazıypalardan biri bolıp tabıladı. İzleniwge tan`lang`an temanın` a`hmiyetligi solardan ibarat.

Biraq bul ilimiy jumıslardın` ko`pshiliginde ekonomikalıq reformalar, bazar mashqalaları o`z sa`wleleniwin tolıq tappag`an. Sonın` ushın da ha`zirgi ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw ha`m bazar ekonomikasına o`tiw sha`rayatında bul mashqalanın` ko`p g`ana ta`replerin teren`irek u`yreniw talap etiledi. Diyxan-fermer xojalıqlarının` ko`p ukladlı ekonomika sha`rayatında islewi ha`m usı menen baylanıslı mashqalalardı sheshiw ha`zirgi ku`nde ju`da` a`hmiyetli bolıp tabıladı.

***İzertlewdin` maqseti ha`m wazıypaları.*** İzertlewdin` tiykarg`ı maqseti bazar ekonomikasına o`tiw sha`rayatında diyxan-fermer xojalıqlarının` xızmetin ja`ne de rawajlandırıwg`a qaratılg`an ilimiy tiykarlang`an talap ha`m a`meliy usınıslar islep shıg`ıwdan ibarat.

Qoyılg`an maqsetke erisiw ushın to`mendegi wazıypalar sheshildi:

- diyxan-fermer xojalıqlarının` tikleniwi ha`m rawajlanıwının` teoriyalıq tiykarları ha`m olardın` awılda mu`lkdarlar klassın rawajlandırıwdag`ı a`hmiyetin teoriyalıq jaqtan tiykarlap berildi;

- ma`mleketimizde bazar ekonomikasına o`tiw sha`rayatında azıq-awqat mashqalasın sheshiwde diyxan-fermer xojalıqlarının` ornı ha`m a`hmiyeti ilimiy tiykarlap berildi;

- diyxan-fermer xojalıqlarının` rawajlanıwında pul-kredit, salıq mashqalaları sheshimleri analiz qılındı ha`m bul mashqalalardı sheshiw boyınsha a`meliy usınıslar islep shıg`ıldı;

- diyxan-fermer xojalıqların ma`mleket ta`repinen qollap-quwatlaw ha`m olar xızmetin jetilistiriw ha`m rawajlandırıwda basqa ma`mleketler ta`jiriybesinen ken` ko`lemde paydalanıw boyınsha usınıslar tayarlandı;

- diyxan-fermer xojalıqları rawajlanıwının` perspektivalı ha`m olarg`a servis xızmeti ko`rsetiwdi jetilistiriw ja`ne de olar xızmeti na`tiyjeliligin asırıwda kooperatsiya ha`m integratsiyalaw boyınsha a`meliy usınıslar tayarlandı.

***İzertlewdin` predmeti ha`m ob`ekti.*** Diyxan-fermer xojalıqları xızmetindegi ha`zirgi ku`ndegi a`hmiyetli huqıqıy, ekonomikalıq, finanslıq ha`m sotsiallıq mashqalalar izertlew predmeti esaplanadı. İzertlewdin` ob`ekti qılıp Qarao`zek rayonı «Bayterek» diyxan-fermer xojalıg`ı alıng`an.

## I-Bap. Bazar ekonomikası fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabın sho`lkemlestiriwdin` nızamshılıq tiykarları.

### 1.1. Diyxan-fermer xojalıqlarında o`nim satıw, pul-kredit ha`m salıq ma`seleleri

Diyxan-fermer xojalıqlarına o`zleri jetistirgen o`nimlerdi satıw ushın qolay sha`rayat jaratıp beriw za`ru`r a`hmiyetke iye. Diyxan-fermer xojalıqlarında o`nim jetistiriler eken, a`lbette onın` ma`lim bir bo`legi bazarg`a shıg`arıladı. Diyxan-fermer xojalıqların jetistirgen o`nimlerinen paydalanıw da`rejesine qarap to`mendegi 3 toparg`a bo`liw mu`mkin:

Birinshisi – ko`p tarmaqlı diyxan-fermer xojalıg`ı, jetistirgen o`nimin tolıg`ınsha o`z mu`ta`ji ushın isletetug`ın tovar emes tutınıw xojalıg`ı. Bunday xojalıq jetistirgen ba`rshe o`nimlerin o`zi tutınadı ha`m shetke ulıwma o`nim satpaydı.

Ekinshisi – jetistirilgen o`niminin` bir bo`legi bazarda satıwg`a mo`lsherlengen, ko`binshe ayırım tu`rdegi o`nimlerdi jetistiriwge qa`niygelesken tutınıw – tovar xojalıg`ı.

U’shinshisi - derlik bir tu`rdegi o`nim jetistiriwge qa`niygelesken ha`m bul o`nimdi tolıg`ı menen bazarg`a shıg`arıwshı qa`niygelesken tovar diyxan xojalıg`ı.

Ha`zirgi ku`nde Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen o`nimler tiykarınan to`mendegi kanallar arqalı satılmaqta:

1. Diyxan bazarları.
2. Tutınıw sawda birlespeleri.
3. Tayarlaw ha`m qayta islew xojalıqları.

Diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen o`nimnin` tiykarg`ı bo`legi diyxan bazarları arqalı satıladı. Ma`mleketimiz bazarlarında satılıp atırg`an awıl xojalıq o`nimlerinin` tiykarg`ı bo`legi diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen o`nimler.

Diyxan-fermer xojalıqları pul da`ramatları bazarlarında o`zi jetistirgen o`nimlerdi satıw na`tiyjesinde payda boladı. Da`ramat mug`darı tiykarınan o`nimdi satıwdan kelgen tu`sim menen belgilenedi. Tu`sim bolsa o`nim jetistiriw, tovarlardı bazarg`a keltiriw (transport qa`rejetleri), saqlawg`a sarplang`an ha`m basqa qa`rejetlerdi qaplag`anınan keyin keletug`ın sap da`ramat esaplanadı. Sonlıqtan, diyxan-fermer xojalıqları iyeleri o`nim jetistiriw menen shug`ıllanadı ha`m usı arqalı o`z da`ramatların tikleydi.

Tiykarg`ı tutınıwshı ha`m tiykarg`ı bazar qalada jaylasqan. Respublikanın` pu`tkil territoriyasınan awıl xojalıq o`nimleri qalag`a bag`darlanadı. Qala bazarlarında o`nimdi satıw, alıp keliw ushın qolay sha`rayatlar jaratıw arqalı satılıp atırg`an o`nimler tu`rin, mug`darın ha`m sapasın ja`ne de asırıwg`a ha`m onın` satıw bahası pa`s bolıwına erisiw mu`mkin.

Bazar rastalarının` tiykarg`ı bo`legi zamanago`y usılda qurılg`an imaratlarda jaylasqan. Bazar transport qurallarının` keliwi ushın qolay. Onın` janında rayonlar ara avtostantsiya jaylasqan. Biraq, bazar territoriyasında suwıtqıshlı sklad jeterli bolmag`anlıg`ı ko`p g`ana tez buzılıwshan` o`nimlerdi saqlaw ha`m satıwda qolaysızlıq tuwdıradı. Ku`n ıssı waqıtlarda bunday o`nimler bir ku`nnin` o`zinde o`zinin` sapasın jog`altıp, tutınıw ushın jaramsız halg`a kelip qaladı. Sonday-aq, bazarda satılıp atırg`an su`t ha`m su`t o`nimleri ushın da bunday suwıtqıshlar o`te za`ru`r. Diyxan-fermer o`zi alıp kelgen o`nimin bir ku`n ishinde sata almasa, saqlaw sha`rayatının` jamanlıg`ı sebepli sapası buzıladı ha`m ertesine ju`da` arzan bahada satıwg`a ma`jbu`r yaki ulıwma sata almaydı. Yaki bolmasa bazardag`ı alıp satarlarg`a o`te arzan bahada taslap ketedi. Eki jag`dayda da diyxan ha`m qarıydar da zıyan ko`redi. Diyxan o`z o`nimin arzan satıwı aqıbetinde o`z qa`rejetlerin qaplay almasa, qarıydar o`zine kerekli o`nimdi passiv ra`wishte asırılg`an qımbat bahada satıp aladı.

Bazar territoriyasında birde-bir qayta islew xojalıg`ı joqlıg`ı da diyxan-fermer xojalıqlarına qolaysızlıqlar tuwdıradı. Bazarda bir o`nimdi qayta islew tsexı ashıp onı isletiw na`tiyjesinde diyxan-fermerler ushın alıp kelingen o`nimlerdi satıwg`a

ja`ne de qolay sha`rayat jaratıp, bazı tu`rdegi o`nimler bahaların o`te pa`slep ketiwi ha`m aqıbette diyxannın` zıyan ko`riwinin` aldın alıw, qosımsha jumıs orınları jaratıw, tayarlang`an o`nimlerdi qıs ha`m ba`ha`r aylarında satıp, bazardın` sawda aylanısın ja`ne de ko`beyttiriwge erisiw mu`mkin.

Baqlawlar sonı ko`rsetedi, bazı bir awıl xojalıq o`nimlerinin` bahası islep shıg`arıwshıdan tutınıwshıg`a jetip barg`ansha shama menen eki barabar artıp ketip atır. Tutınıwshı bazardan o`zine kerekli o`nimdi u`shinshi yaki to`rtinshi qoldan satıp aladı. Bunın` mexanizmi to`mendegishe: diyxannan o`nimdi o`z ornında satıp alg`an da`l-da`lshı jaz ha`m gu`z aylarında u`lken diyxan bazarları a`tirapında ju`zege keletug`ın, yarım tu`nde baslanatug`ın ko`tere bazarlarda satadı. Yarım tu`nde satıp alıng`an awıl xojalıq o`nimin bir da`l-da`lshı ertelep ekinshi da`l-da`lshıg`a ko`tere satadı. Keyin ala u`shinshi adam ku`ndizgi o`nimdi mayda bahada tutınıwshıg`a satadı. Ha`zirde tek g`ana Qaraqalpaqstan Respublikası bolıp qoymastan, ba`lki ma`mleketimizdin` ba`rshe iri diyxan bazarlarında bunday jag`day bar. Bunın` na`tiyjesinde diyxan-fermerler ha`m tutınıwshılar ju`da` ko`p materiallıq ha`m ruwxıy zıyan ko`rmekte.

Awıl xojalıq o`nimleri sawdasın ta`rtipke salıw, diyxan-fermerlerge o`z o`nimlerin satıw ushın qolay sha`rayatlar jaratıp beriw, tutınıwshı menen islep shıg`arıwshı ortasındag`ı tosıqlarg`a shıdam beriw ushın za`ru`rli shara-ilajlardı a`melge asırıw ha`zirgi ku`nde a`hmiyetke iye.

Awıl xojalıg`ı o`nimleri sawdasın tuwrı jolg`a qoyıwda o`nim o`ndiriwshini qorg`aw za`ru`r a`hmiyetke iye. Bunda ko`binese o`nim bahası o`te arzanlap ketiwi haqqında barıp atır.

Ma`lim bir jıllarda bazarlarda sonday jag`day ju`z beredi, bazı bir tu`rdegi awıl xojalıq o`nimlerinin` bahası o`z qa`rejetlerin de qaplamaytug`ın da`rejede tu`sip ketedi. A`lbette, diyxan-fermer xojalıqları bunnan materiallıq ha`m ruwxıy zıyan ko`redi. Bazı jıllarda yaki jıldın` ayırım da`wirlerinde bolsa ayırım o`nimlerdin` bahaları ju`da` joqarı bolıp ketedi. Bunın` tiykarg`ı sebebi ha`zirgi

ku`nde du`zilgen ko`tere bazarlardın` jumıs xızmeti jaqsı jolg`a qoyılmag`anlıg`ı bolıp tabıladı.

Evropa Awqamı ma`mleketlerinde tiykarg`ı awıl xojalıq o`nimleri islep shıg`arıwshıları bolg`an fermerlerge Evropa Awqamının` arnawlı ken`esi ta`repinen o`nim islep shıg`arıw kvotalar beriledi. Bunnan maqset bazardı ha`m o`nim islep shıg`arıwshılardın` ma`plerin qorg`aw. Ma`mlekettegi birde-bir tu`rdegi o`nimge bolg`an talap, eksport yaki import mug`darı ha`m sog`an uqsas ju`da` ko`p faktorlardı esapqa alg`an halda ken`es Evropa Awqamı ma`mleketlerine kvotalar beredi. Ma`mleketler bolsa o`z na`wbetinde kvotalardı o`z fermerlerine bo`listiredi. Ko`rinisinen ol rejeli ekonomikanı esletedi. Biraq onday emes. Ma`selen, bir fermerdi bir jılda a`00 tonna go`sh islep shıg`arıwg`a imkaniyatı bar. Biraq og`an w0 tonna go`sh islep shıg`arıwg`a kvota beriledi. Kvota bo`listiriwde bazarlardı ilajı barınsha ko`birek tu`rdegi awıl xojalıq o`nimleri menen ta`miyinlewge itibar beriledi.

Ma`mleketimizde ha`zirde diyxan-fermer xojalıqları tiykarg`ı azıq-awqat o`nimleri o`ndiriwshileri bolıp turar eken, mine usı ta`jiriybeni de sha`rayatqa sa`ykeslestirip qollaw ju`da` paydalı boladı. Mine usınday qılınsa diyxan-fermer xojalıqları ekonomikalıq ha`m sotsiallıq jaqtan qorg`alıp, bazarlardı ja`ne de tu`rli-tu`rli o`nimler menen toltırıw imkaniyatı jaratıladı.

Ha`zirgi ku`nde tutınıw sawda birlespeleri xalıqtan awıl xojalıq o`nimlerin azıq-awqat o`nimlerine (un, o`simlik mayı, qumsheker h.t.b.) almastırıw arqalı aladı. Bul ha`zirgi bazar mu`na`sibetlerine ulıwma tuwrı kelmeydi. Tuwrı, ha`zir awıl xalqının` za`ru`rli azıq-awqat o`nimlerine talabı u`lken. Biraq ba`ribir almastırıwda ekvivalent pul bolıwı kerek.

Ha`zirgi ku`nde respublikada ha`m ulıwma ma`mleketimizde tutınıw sawda birlespeleri jeterli da`rejede tarmaqlang`an. Derlik ha`mme jerde birlespenin` sawda du`ka`nları bar. Tap usı du`ka`nlarda awıl xojalıq o`nimlerin satıp alıwdı jolg`a qoyıp, diyxanlarg`a o`zleri jetistirgen o`nimlerdi satıw ushın qolay sha`rayat

jaratıw mu`mkin. Bunda diyxannın` bazarg`a barıp keliwi ushın sarplang`an artıqsha waqıttı ol o`z xojalıg`ına, sem`yasına yaki dem alıwına sarplawı mu`mkin.

O`z na`wbetinde tutınıw sawda birlespelerinin` materiallıq texnikalıq bazasın bekkemlew de za`ru`r a`hmiyetke iye. Olardı awıl xojalıg`ı o`nimleri tasıwına mo`lsherlengen arnawlı suwıtqıshlı avtomashinalar menen ta`miyinlew, saqlaw skladları qurıw, barların qayta on`law, qabıl qılıng`an awıl xojalıq o`nimlerin qayta islew, tsexlardı qurıp iske tu`siriw za`ru`r a`hmiyetke iye.

Diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen o`nimlerdi satıwdı jaqsılawda tayarlaw ha`m qayta islew xojalıqları za`ru`r orındı iyeleydi. Bunday xojalıqlar ba`rshe tu`rdegi xojalıq ju`ritiw tu`rlerinen, sonnan, diyxan-fermer xojalıqlarınan da ba`rshe tu`rdegi awıl xojalıq o`nimlerin satıp aladı.

Ha`zirde qabıl qılıng`an o`nim ushın to`lew mexanizmi de diyxan-fermer xojalıqların qanıqtırmaydı. Tuwrı, xojalıq alıng`an o`nim ushın puldı satıwshının` jeke esap betine o`tkizip beredi. Biraq kommertsiyalıq banklerdegi bar byurokratizm sebepli diyxan o`z pulın aylap ala almaydı. Qabıl qılıng`an o`nim ushın tikkeley xojalıqtın` o`zi diyxang`a naq pul to`lewdi engiziw arqalı diyxanlar ma`pdarlıg`ın ha`m qızıg`ıwdı ja`ne de asırıw mu`mkin yaki kommertsiyalıq bankleri xızmetindegi nızam buzarlıqlarg`a shek qoyıw kerek.

Bunnan tısqarı kommertsiyalıq bankleri diyxan-fermer xojalıqları o`z pulların bankte saqlag`anlıqları ushın olarg`a beriletug`ın protsentti asırıwları lazım. Ha`zirgi bar halatta diyxan-fermer xojalıqları ilajı barınsha o`z qarjıların banke qoymaslıqqa ha`reket qılmaqta. Bul bolsa, o`z na`wbetinde bank resurslarının` kemeyip ketiwge alıp kelmekte.

O`nim satıp alıwshı xojalıq ta`repinen sonday sha`rayatlar jaratılıwı kerek, diyxannın` o`zi birge islewge, o`nimin mine sonday xojalıqqa satıwg`a umtılsın. Bunın` ushın ma`lim bir jerlerde qanday o`nim ko`birek jetistiriliwi u`yrenilip, sol o`nimdi qabıl qılıp alıwg`a qa`niygelesken arnawlı ma`wsimli qabıllaw punktlerin du`ziw de maqsetke muwapıq boladı.

Xojalıqlar menen diyxanlar ortasında f`yucherslik sha`rtnamaların du`ziwdi, alınatug`ın o`nim ushın avans to`lewleri to`lewdi ha`m ulıwma to`lewlerdi diyxan-fermer xojalıqları ushın qolay bolg`an usılda a`melge asırıwdı izbe-iz jolg`a qoyıw arqalı diyxan-fermer xojalıqları ushın ja`ne de qolay sha`rayat jaratıw mu`mkin.

Bulardın` ha`mmesi ushın bolsa qarjı za`ru`r. Joqarıda atap o`tkenimizdey, xojalıqlardın` aylanba qarjısı ushın jeterli emes. Bul mashqalanı sheshiw ushın mine usınday sawda satıw xojalıqlarına qısqa mu`ddetli kreditler beriwdi jolg`a qoyıw lazım. Kredit mu`ddeti u`sh, altı aydan bir jılg`a shekem bolıwı mu`mkin.

Ma`selen, Frantsiyada bazı tu`rdegi awıl xojalıq o`nimleri (da`n o`nimleri) tek sawda kooperativleri arqalı satıladı. Bul kooperativler o`nim jetistiriwshilerden a`meldegi bazar bahalarında o`nimlerdi satıp kooperativin kepillikli ra`wishte qarjı menen ta`miyinlep turadı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen o`nimlerdi respublikamızdan sırtta satıw ma`seleleri de ju`da` ko`p a`hmiyetli bolıp tabıladı. Qaraqalpaqstan Respublikası diyxan-fermer xojalıqları respublikamızda en` ko`p palız jetistiredi. Keyingi eki-u`sh jıl ishinde respublika diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen ja`mi palızdın` 16-20 protsenti Qaraqalpaqstan Respublikası diyxan-fermer xojalıqları moynına tuwrı keledi. Jetistirilgen palızlar (pomidor, rediska h.t.b.) dın` bir bo`legi shet ellerde satıladı. Sebebi ba`ha`r aylarında bul o`nimlerdin` bahası Qaraqalpaqstan Respublikası bazarlarındag`ı bahalarına qarag`anda 1,5-2 ma`rte joqarı boladı. Ko`pshilik diyxan-fermerler o`z jeke avtomashinasına iye emes. Sonın` ushın da o`nimlerdi bazarlarg`a alıp barıwda u`lken qıyınshılıqlarg`a dus kelinedi. Bug`an shegaradag`ı bajıxanalar qosımsha boladı. Diyxan-fermerler u`lken qıyınshılıqlar ha`m qa`rejetler ornına o`z o`nimlerin qon`sı ma`mleketler bazarlarına alıp baradı.

Ha`zirgi ku`nde diyxan-fermer xojalıqları potentsialınan eksportqa bag`darlang`an o`nimler jetistiriwde na`tiyjeli paydalanıw za`ru`r a`hmiyetke iye. İri awıl xojalıq xojalıqları tiykarınan paxta ha`m da`n jetistiriw menen ba`nt bolg`an bir payıtta diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen miywe ha`m palız

o`nimleri, araxis ha`m usı sıyaqlı o`nimlerdi eksportqa shıg`arıw shara ilajların ko`riw za`ru`r a`hmiyetke iye.

Bizin` sha`rayatta jetistirilgen awıl xojalıq o`nimleri ko`p g`ana sapa ko`rsetkishleri (da`mi, mazası) boyınsha basqa ma`mleketlerde islep shıg`arılg`an biraz u`stin turadı. Tek g`ana tovar sapa ko`rinisi ja`ne de jaqsı, saqlaw ha`m tasıwg`a shıdamlı jan`a sortlardı egiwdi jolg`a qoyıw menen ma`selenin` bir ta`repi sheshiledi.

Ma`selenin`, ekinshi ta`repi diyxan-fermer xojalıqlarda jetistirilip atırg`an o`nimlerdi toplaw, saqlaw, za`ru`r bolsa birlemshi qayta islew ha`m tutınıwshıg`a jetkizip beriwdi sho`lkemlestiriw. Bunnan tısqarı sırtqı bazarlar kon`yunkturasın, talap ha`m usınıstı, ulıwma alg`anda marketing ma`seleleri de birgelikte alıp barılıwı kerek. Shetke o`nim shıg`arıwda xalıq ara standartlarg`a sa`ykes keletug`ın ıdıslar ha`m qaplaw ma`selesi de za`ru`r orındı iyeleydi.

Jaqın keleshekte Rossiya, Qazaqstan ha`m usı sıyaqlı jaqın shet ma`mleketler bazarların iyelew, keyinirek xalıq ara Ullı jipek jolı iske tu`sirilgennen keyin uzaq shet ma`mleketler bazarlarına shıg`ıw za`ru`r strategiyalıq wazıypa esaplanadı.

Bul wazıypalardı a`melge asırıw ushın ha`zirde shetke o`nim satıw menen a`melde shug`ıllanbay atırg`an tayarlaw sho`lkemleri isin qayta jolg`a qoyıw ha`m jan`a ma`mleketlik emes ha`m jeke sawda satıq sho`lkemleri du`ziwin materiallıq jaqtan qollap quwatlaw za`ru`r.

Shetke satılg`an o`nim ornına ag`ash, temir sıyaqlı qurılıs materialları alıp keliw arqalı ha`zirde respublikada ju`zege kelgen tap usı o`nimlerge bolg`an defitsitlikti kemeyttiriw mu`mkin. Bul arqalı diyxan-fermer xojalıqlarının` ko`p g`ana mashqalaları sheshilgen boladı.

Awıl xojalıq o`nimlerin jetistiriw ha`m qayta islewge niyetlengen damlar aldında ko`plep mashqalalar ko`plep boladı. Ol tuqımlıq, to`gin, islep shıg`arıw quralları, texnika, janılg`ı-maylaw materialları satıp alıwı kerek. Eger diyxan-fermer xojalıg`ı sharwashılıq bag`darında bolsa, qaramal, qus, ot-jem satıp alıwı,

haywanlar ushın malxana, sklad ha`m usı sıyaqlı na`rseler qurıwı lazım boladı. Bunda ko`pshilik diyxan-fermer xojalıg`ı iyeleri kreditke mu`ta`j sezedi.

Ma`mleketimizde qabıl qılıng`an «Diyxan xojalıqları tuwrısında»g`ı, «Fermer xojalıqları tuwrısında»g`ı diyxan-fermer xojalıqlarına islep shıg`arıw quralların satıp alıw ushın uzaq mu`ddetli kreditler ajıratılıwı ja`ne de ag`ımdag`ı islep shıg`arıw xızmeti ushın kredit sha`rtnaması tiykarında qısqa mu`ddetli kredit ajıratılıwı na`zerde tutılg`an. Nızamg`a ko`re kredit alıwdın` tiykarg`ı sha`rti diyxan-fermer xojalıg`ı yuridikalıq shaxs statusında bolıwı kerek.

Ha`zirgi ku`nde diyxan-fermer xojalıqlarına kredit O`zbekstan Respublikası diyxan ha`m fermer xojalıqların qollap-quwatlaw fondı ta`repinen beriledi.

Diyxan ha`m fermer xojalıqların qollap-quwatlaw fondı ta`repinen beriletug`ın kreditler 3 jılg`a shekem mu`ddetke, jıllıq protsent mug`darı 12 protsent qılıp belgilengen halda girewge qoyılg`an mu`lk qunının` 80 protsenti mug`darında beriledi. Bunda bank marjası jıllıq protsent stavkasının` 20 protsentke shekem bolıwı mu`mkin.

Ha`zirgi kredit beriw ta`rtibinin` aldıng`ılardan parqı sonda, birinshiden, beriletug`ın kredit summası a`melde sheklenbegen, ekinshiden, kredit tek isbilermenlik xızmeti ushın beriledi, u`shinshiden, shet el valyutasında da kredit alıwları mu`mkin.

Ha`zirgi waqıtta, diyxan-fermer xojalıqları oraylasqan ta`rtipte kreditlenedi. Biraq, kreditke bolg`an mu`ta`j ju`da` u`lken bolg`an ha`zirgi sha`rayatta diyxan-fermer xojalıqları ushın ha`zirgi waqıttag`ı kredit derekleri biraz uzaq. Bazı ko`p qa`rejet talap qılatug`ın eginlerdi jetistiriwde diyxan-fermer xojalıg`ı iyesi ıqtıyarındag`ı bar qarjının` o`z minimal tirishiliginen sırtqı ha`mmesin mine usı iske sarplaydı. Eger diyxan-fermer xojalıg`ına kredit berilse, qolındag`ı qarjının` bir bo`legin o`zinin` sotsiallıq turmısı ushın da sarplaydı. Bunın` sotsiallıq, ekonomikalıq turmısı ju`da` u`lken.

Sonın` ushın da, bizin` pikirimizshe, oraylasqan ta`rtipte kredit beriw menen birgelikte byudjetten tısqarı oraylaspag`an kredit beriw usılların da engiziw kerek.

Bunın` ushın ha`r bir wa`layatta jol qurıw birden-bir fondı ha`m basqa usı ka`bi fondlarg`a uqsag`an awıldı finanslıq qollap-quwatlaw byudjetten tısqarı fondları du`ziw maqsetke muwapıq.

Diyxan-fermer xojalıqların bul usılda kreditlewdin` bir neshe abzallıqları bar. Birinshiden, ol ayrıqsha, universal ha`m haqıyqıy, ekinshiden, respublikadag`ı ha`r bir wa`layat o`z sha`rayatınan kelip shıqqan halda kreditler en` na`tiyjeli maqsetlerge beriledi, u`shinshiden bolsa, kredit alıwshı xojalıqlar aldındag`ı byurokratiyalıq tosıqlar kemeyedi.

Bul fondtın` qarjıların diyxan ha`m fermer xojalıqların qollap-quwatlaw fondına o`tkizilip atırg`an qarjılardın` bir bo`legin respublikanın` o`zinde alıp qalıw jolı menen ha`m basqa derekler esabına tiklew mu`mkin.

Ha`zirgi ku`nde fond ta`repinen kredit beriw mu`ddeti de diyxan-fermer xojalıqları ushın qolaysız. Fond ta`repinen kreditler 3 jıl mu`ddetke beriledi. Diyxan-fermer xojalıqları tikkeley awıl xojalıg`ı menen shug`ıllanadı, awıl xojalıg`ı bolsa tikkeley ta`biyiy protsessler menen baylanıslı. Bir jılda 1 yaki 2 ma`rte o`nim alınadı. Sonın` ushın da bazı bir resurslardın` qaplanıw mu`ddeti uzaq waqıt dawam etedi. Ta`biyiy apatlar na`tiyjesinde diyxan-fermer xojalıqları ma`lim bir jılda ulıwma o`nim ala almaslıg`ı mu`mkin. Sonın` ushın da diyxan-fermer xojalıqlarına beriletug`ın uzaq mu`ddetli kredittin` en` kem mu`ddeti 5 jıl bolıwı maqsetke muwapıq.

Kredit alıwshı xojalıqlar menen kredit beriwshiler ortasında bir qansha kelispewshilikler bar bolıp, solardan biri kredit alıwshı banke arza bergennen keyin onı ko`rip shıg`ıw mu`ddeti sozılıp ketedi. Bul a`lbette kredit alıwshının` narazılıg`ına sebep boladı. Banktin` qarsılıg`ına ko`re kredit alıwshı ta`repinen tayarlang`an hu`jjetler (a`sirese, biznes reje) talap da`rejesinde bolmaydı. Sonın` ushın da rayon, respublika diyxan ha`m fermer xojalıqları birlespeleri qasında kvalifikatsiyalı qa`niygelerden ibarat ma`sla`ha`t toparı diyxan-fermer xojalıqlarına jaqınnan ja`rdem beriwi kerek. Bunnan tısqarı orınlarda konsalting servis xızmeti sho`lkemlerin du`ziw de maqsetke muwapıq.

Bunnan tısqarı, diyxan-fermer xojalıg`ı a`meldegi ta`rtipke tiykarlanıp kredit alıwı ushın rayon yaki respublika diyxan-fermer xojalıqları birlespesine ag`za bolıp, ag`zalıq vznosların to`lep kelgen bolıwı kerek. Bizin` pikirimizshe, bul da sha`rt emes. Sebebi, fond qarjılarının` bir bo`legi diyxan-fermer xojalıqları jer salıg`ının` o` protsentin fondqa o`tkiziw esabına tiklenedi.

Ha`zirgi ku`nde a`meldegi «Diyxan xojalıqları tuwrısında»g`ı, «Fermer xojalıqları tuwrısında»g`ı nızamlarg`a muwapıq yuridikalıq shaxs du`zgen halda ja`ne de yuridikalıq shaxs du`zbesten du`zilgen diyxan-fermer xojalıqları nızam hu`jjetlerine muwapıq jer salıg`ı, suw resurslarınan paydalang`anlıq ushın salıq ha`m mu`lk salıg`ı to`leydi.

Diyxan-fermer xojalıqlarınan jer salıg`ı jer uchastkasının` sapasına, jaylasqan ma`nziline ha`m suw menen ta`miyinlew da`rejesine qarap, onın` kadastr bahasın esapqa alg`an halda belgilengen mug`darda o`ndiriledi. Birinshi ma`rte tamarqa jer uchastkası alg`an diyxan-fermer xojalıqları ma`mleket registratsiyasına alıng`annan keyin eki jıl mu`ddetke jer salıg`ı to`lewden azat qılınadı.

Ha`zirgi sha`rayatta diyxan-fermer xojalıqların rawajlandırıwdı salıqlar arqalı xoshametlew, bul ma`selede ja`ne de teren`irek klassqa ajıralg`an jantasıw za`ru`r a`hmiyetke iye. Diyxan-fermer xojalıqlarında islep shıg`arılg`an o`nimlerdi ko`beyip barıwı menen to`lenetug`ın jer salıg`ı ha`m mu`lk salıg`ı summasın kemeyttirip barıw mexanizmin qollaw ha`m basqa l`gotlar beriw arqalı diyxan-fermer xojalıqlarının` na`tiyjeliligin ja`ne de asırıwg`a erisiw mu`mkin.

Awıl xojalıg`ı o`nimlerin jetistiriwdin` tiykarg`ı forması sıpatında fermer xojalıqların sho`lkemlestiriw olardın` jumıs alıp barıwı ushın qolaylı sha`rayatlar jaratıw, sonday-aq, awıl xojalıg`ında bazar strukturasın kompleksli rawajlandırıw maqsetinde fermer xojalıqların rawajlandırıw kontseptsiyasın a`melge asırıw ilajları haqqında» Usı qararg`a muwapıq respublikamızdın` ha`r bir rayonı boyınsha pa`s rentabelli xojalıqlardı fermer xojalıqlarına aylandırıw bag`darlaması qabıl etildi ha`m de fermer xojalıqlarının` u`lgi ustavı, jerdi ijarag`a beriw ta`rtibi rejesi, jumısshılardı tan`law ta`rtibi, kontraktatsiya sha`rtnamaları tastıyqlandı.

Fermer xojalıqları – bul uzaq mu`ddetke berilgen jer uchastkalarınan paydalanıp, awıl xojalıq o`nimlerin jetistiriw menen shug`ıllanıwshı yuridikalıq ta`rep huqıqlarg`a iye bolg`an o`z aldına xojalıq ju`rgiziwshi sub`ekt bolıp esaplanadı.

Fermer xojalıqlarının` huqıqları menen minnetlemeleri, wa`killikleri O`zbekstan Respublikasının` «Fermer xojalıqları haqqında»g`ı nızamında, ustavında ha`m de ma`mleketimiz Prezidentinin` tiyisli Pa`rmanlarında ha`m de basqa da nızam hu`jjetlerinde ayqın belgilep berilgen.

Fermer xojalıqları jergilikli rayonlıq (qalalıq) ha`kimiyatlardan dizimnen o`tken ku`nnen baslap yuridikalıq ta`rep statusın aladı ha`m o`zinin` bankten esap betlerin ashadı. Bunın` ushın to`mendegi hu`jjetler talap etiledi:

1. Biznes planı
2. Fermer xojalıg`ı ustavı
3. Ha`kimiyat qararı
4. Statikalıq basqarmadan o`tken dizimi
5. Ma`mleketlik salıq inspektsiyası identifikatsiyalıq belgisi (nomeri)
6. Mo`r ha`m shtampı qag`azg`a tu`sirilgen nusqası
7. Fermer xojalıg`ı baslıg`ı ha`m buxgalteriya imzaları u`lgisi.
8. Bank basqarıwshısı atına arza beriledi.

Joqarıdag`ı hu`jjetler tiykarında bank ta`repinen fermer xojalıg`ı ushın san qoyılıp esap-beti ashıladı ha`m bank arqalı esap-kitap ju`rgiziwshi yuridik huqıqlı sub`ekt bolıp esaplanadı. Bul esap-beti arqalı fermer bank arqalı o`zinin` tiyisli esaplaw jumısların alıp baradı ha`m sha`rtnama tiykarında fermer xojalıg`ı bank xızmeti ushın tiyisli normada xızmet pulın to`lep baradı.

Buxgateriya esabı jumısların sho`lkemlestiriw fermer xojalıqlarında «Buxgalteriya esabı tuwrısında» g`ı nızam tiykarında, 21 formadag`ı «Xojalıq ju`ritiwshi sub`ektler finans xojalıq jag`dayının` buxgalteriya esabı rejesi ha`m onı qollanıw instruktsiyası» boyınsha esap kitap jumısları alıp barıladı.

Bul buxgalteriya esabının` milliy standartları mu`lk tu`ri, xojalıq qay jerge boysınıwlarına qaramastan O`zbekstan Respublikasında ma`jbu`riy 1-yanvar` 2004-jıldan baslap ju`ritiledi. Fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabı ha`m esabatı №30 «Kishi isbilermenlik sub`ektleri ta`repinen esap kitaplardı a`piwayılastırıp ju`ritiw ha`m esabatlar du`ziw ta`rtibi haqqında» ko`rsetpege tiykarlanıp ju`ritiledi.

21 iyun` 2005 jılg`ı O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` «İsbilermenlik sub`ektleri ta`repinen tapsırılatug`ın esabat dizimin jetilistiriw ha`m onı nızamsız talap etkenligi ushın juwapkershilikti ku`sheyttiriw haqqında»g`ı Pa`rmanı boyınsha, 2005 jıl 1 iyul`dan baslap mikrofirma ha`m kishi xojalıqlar, sonnan fermerler salıqlar, jıyımlar, ajıratpalar ha`m de basqa ma`jbu`riy to`lemler boyınsha esap-kitaplardı salıq organına ha`r ayda tapsırmastan sherekte tapsıratug`ınlıg`ı fermerler ushın u`lken waqıttı tejewge imkaniyat jarattı. Sonday-aq, bul esabat kelesi aydın` 25-sa`nesine tapsırıw mu`ddeti belgilenedi.

Fermer xojalıqları to`mendegi finanslıq ha`m statistikalıq esabatlar tapsırıw belgilenedi.

1. Buxgalteriya balansı (1-forma);
2. Finans na`tiyjeleri tuwrısında esabat (2-forma);
3. Debitor – kreditorlıq qarızlar tuwrısında spravka (2a forma);
4. Statistikalıq esabat tu`rine qarap ha`r kvartalda, (1 jılda).

Demek, bul isbilermenler ushın ju`da` u`lken hu`jjet bolıp artıqsha tekseriwlerdi de sheklep berdi. Fermer xojalıqları 3 jılda 1 ma`rte auditorlıq tekseriwden o`tiw belgilendi.

## 1.2. Diyxan-fermer xojalıqların ma`mleket ta`repinen qollap-quwatlaw ha`m olardı rawajlandırıw perspektivaları

Bazar qatnasıqlarına o`tiw ekonomikanı erkinlestiriw (liberallastırıw) di talap qıladı. Lekin usı menen birgelikte erkinlestiriw degeni pu`tkilley qadag`alawsızlıq

degeni emes. Ma`mleket ba`rqulla muwapıqlastırıwdın` ma`lim bir jaqların o`z qolında uslap turıwı kerek.

Ekonomikanın` basqarılıwı bazar mexanizmi arqalı o`z-o`zinen basqarıw menen a`melge asırıladı. Lekin bazar ekonomikası ba`rshe mashqalalardı o`z-o`zinen sheshe almag`anlıg`ı sebepli olardın` bazı birlerin ma`mleket sheshedi. Tap usınday bazar mexanizmi agrar tarawda da ha`mme ma`selelerdi sheshe almaydı. Basqasha qılıp aytqanda, ekonomikanın` agrar sektorı bazar sha`rayatında ayrıqsha orın tutadı ha`m ma`mleket ta`repinen qollap-quwatlanbastan turıp tarawlar ara ba`sekige shıdam bere almaydı. Awıl xojalıq tarawın, sonın` ishinde, diyxan-fermer xojalıqların da o`z-o`zinen basqarıw menen turaqlılıqqa erisedi dep oylaw natuwrı boladı. Ulıwma alg`anda, ma`mlekettin` ekonomikasın muwapıqlastırıwdag`ı wazıypaları tuwrısında alımlar ha`r tu`rli pikirde boladı.

K. Makkonnell, S. Bryu ma`mlekettin` ekonomikalıq wazıypaların to`mendegishe belgileydi birinshiden, sistema wazıypalarının` na`tiyjesin ta`miyinlewshi huqıqıy tiykardı ha`m sotsiallıq ortalıqtı jaratıw, ekinshiden, ba`sekini qorg`aw, u`shinshiden, da`ramat ha`m baylıqlardı qayta bo`listiriw, to`rtinshiden milliy o`nim quramın o`zgerttiriw maqsetinde resurslar bo`listiriliwine du`zetiwler kiritiw, besinshiden, ekonomikanı turaqlastırıwg`a itibardı tartıw.

Bul pikir bazardı ma`mleket ta`repinen basqarıwdın` za`ru`rligin atap o`tiwshi ko`pshilik alımlardın` pikirine ko`re sa`ykes keledi. Sonın` ushın da pikirdi agrar ekonomikag`a qarag`anda tiykar qılıp alıp, bul tarawdın` o`zine ta`n qa`siyetleri menen sa`ykeslestirgen ha`m teren`lestirgen halda ma`mlekettin` ekonomikalıq wazıypaların belgilew mu`mkin.

Joqarıda atları tilge alıng`an faktorlar ma`mlekettin` agrar tarawdag`ı wazıypaların diyxan-fermer xojalıqlar mashqalaları menen baylag`an. Olardın` pikirinshe, awıl xojalıq o`nimlerin islep shıg`arıw qa`rejetleri, diyxan-fermerlerdin` resurslar satıp alıwda qolaysız sha`rayatta qalg`anlıqları, bazardın` hu`kimranlıg`ı olarg`a ma`mleket ta`repinen ja`rdem beriw za`ru`rligine alıp keledi.

P. Samuel`son AQShta ma`mlekettin` awıl xojalıg`ına ja`rdemi: birinshiden, awıl xojalıg`ı o`nimlerine bolg`an talaptı o`zgerttiriwden ha`m haqıyqıy qa`rejetlerdi kemeyttiriwden, ekinshiden, bahalarg`a unamlı ta`sir qılıwshı ilajlardı qollawdan, u`shinshiden, subsidiyalar beriwden, to`rtinshiden, bahalardı ko`teriw maqsetinde jer maydanların qısqarttırıwg`a qaratılg`an da`stu`rlerdi qollawdan, besinshiden, fermerlerge tuwrıdan-tuwrı ja`rdem beriwden ibarat bolıwın atap o`tedi. Biraq, onın` pikirinshe, ma`mlekettin` ja`rdemin anıqlaw, yag`nıy tuwrıdan-tuwrı ja`rdem beriw, awıl xojalıg`ında ba`nt bolg`anlardın` kvalifikatsiyasın o`zgerttiriw tiykarında is penen ba`ntlikti tola ta`miyinlew, transport qa`rejetlerin qaplaw ushın subsidiyalar ajıratıwdı izbe-iz ta`miyinlew lazım.

O`zbekstan Respublikasının` ha`zirgi da`wirdegi ekonomikalıq wazıypaları, a`lbette, bazar ekonomikasına o`tiw menen baylanıslı bolıp, olar ju`da` ko`p qırralı bolıp tabıladı. Biraq, en` za`ru`ri agrar islep shıg`arıw turaqlıg`ın ta`miyinlew ha`m o`siw su`wretlerin tezletiw arqalı awıl xalqının` turmıs da`rejesin ko`teriw bolıp tabıladı. Prezidentimiz İ. A. Karimov aytqanınday, «maqset – awıl xojalıq tarawında islep shıg`arıw na`tiyjeliligin keskin asırıw, awılda jasap atırg`an xalqımızdın` turmıs da`rejesin ko`teriw, olar ushın mu`na`sip sha`rt-sha`rayatlardı jaratıwdan ibarat bolıwı kerek.»

AQSh ha`m basqa rawajlang`an ma`mleketlerde tiykarg`ı awıl xojalıq o`nimleri islep shıg`arıwshılar fermerler esaplanıp, olardın` mashqalaların sheshiw arqalı tikkeley pu`tkil awıl xojalıg`ına ta`sir o`tkizilgen. Bizin` sha`rayatta bolsa diyxan xojalıqları azıq-awqat o`nimleri jetistiriwde za`ru`r orındı iyeleydi. Diyxan-fermer xojalıqlarındag`ı turaqlılıq ma`mleketimiz sotsiallıq ha`m siyasiy turmısına tikkeley ta`sir ko`rsetedi.

Joqarıda atap o`tilgenindey, ma`mlekettin` wazıypalarınan biri diyxan-fermer xojalıqları normal xızmet ko`rsetiwi ushın huqıqıy, sho`lkemlestiriw-ekonomikalıq tiykarlardı ha`m sotsiallıq ortalıqtı jaratıwdan ibarat. Bul barada ma`mleketimizde qatar ma`seleler sheshilgen. Aldın-ala, O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasında ha`m qabıl qılıng`an basqa qatar nızamlarda («Diyxan xojalıqları tuwrısında»g`ı,

«Fermer xojalıqları tuwrısında»g`ı, «Jer kodeksi», «Salıq kodeksi» ha`m basqalar) diyxan-fermer xojalıqları xızmeti ushın sho`lkemlestiriw-ekonomikalıq ha`m huqıqıy tiykarlar jaratılg`an. Bunnan tısqarı qabıl qılınıp atırg`an Prezident pa`rmanları, Ministrler Kabinetinin` qararları da diyxan-fermer xojalıqların rawajlandırıw ushın kerekli sha`rt-sha`rayatlardı jaratpaqta. Endi wazıypa usı nızamlar, pa`rmanlar, qararlardın` a`meldegi atqarıwın tola ta`miyinlewden ibarat. Qabıl qılıng`an nızamlardın` a`meldegi atqarılıwı jaylardag`ı jergilikli ha`kimiyat organları islerindegi kemshilikler, tap usı buwında elege shekem dawam etip kelip atırg`an byurokratizm, is ju`ritiwdegi ha`r qıylı tosqınlıqlar ha`m basqa ju`da` ko`plep unamsız illetlerdin` kemeymey atırg`anlıg`ı sebebinen tola a`melge aspay kelmekte.

«Diyxan xojalıqları tuwrısında»g`ı, «Fermer xojalıqları tuwrısında»g`ı nızamlar ma`mleket awıl xojalıq o`nimleri jetistiriw ha`m onı realizatsiya qılıw menen shug`ıllanıwshı diyxan-fermer xojalıqlarının` huqıqlarına a`mel qılıwın ha`m nızamlıq ma`pleri a`mel qılınıwın kepillik beredi dep belgilep qoyılg`an. Nızamg`a muwapıq ma`mleket organları diyxan-fermer xojalıqlarının` rawajlanıwına ha`m bekkemleniwine ko`meklesiwi lazım.

Nızamda Respublika ha`m jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat organları, poselka, awıl puqaralar o`z-o`zin basqarıw organları, awıl xojalıq kooperativleri (shirket xojalıqları) diyxan-fermer xojalıqlarına tikkeley ja`rdem ko`rsetiwi atap o`tilgen.

Olar ko`rsetetug`ın ja`rdemler to`mendegilerden ibarat:

İslep shıg`arıw ha`m sotsiallıq turmıslıq a`hmiyetke tiyis ob`ektleri bolmag`an territoriyalarda diyxan-fermer xojalıqları du`zilgende onı birlemshi abadanlastırıw (gaz, elektrlestiriw, jollar, radio, telefon, melioratsiyalaw ha`m basqa) islerin a`melge asıradı.

Diyxan-fermer xojalıqlarına islep shıg`arıw ha`m turar jaylardı qurıwda ja`rdem ko`rsetedi.

Diyxan-fermer xojalıqları ushın kerekli mal-mu`lk ha`m islep shıg`arıw quralların birjalarda, yarmarkalarda, bazarlarda yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslardan satıp alıwda ko`meklesedi.

Zatlı mallar, sortlı tuqımlıq ha`m awıl xojalıq organikalıq ha`m mineral to`ginlerdi, awıl xojalıg`ı eginlerin zıyannan ha`m keselliklerden qorg`aw quralların jetkizip beriw ju`zesinen ma`mleket agrotexnika xızmeti ko`rsetiw sisteması arqalı servis xızmeti ko`rsetedi.

Bunnan tısqarı awıl xojalıq texnikası, a`spab-u`skeneleri ha`m shiyki zatlardı lizing tiykarında alıwda, sharwa mallarına zooveterenariya xızmeti ko`rsetiwde, diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen awıl xojalıq o`nimlerin tayarlaw ha`m realizatsiya qılıwda, konsalting ha`m informatsion xızmeti ko`rsetiwde ha`m basqa ju`da` ko`plep ma`selelerde ja`rdem ko`rsetedi.

Diyxan-fermer xojalıqları xızmetin muwapıqlastırıp barıw ja`ne de olardın` huqıqları ha`m ma`plerin qorg`aw O`zbekstan diyxan ha`m fermer xojalıqları birlespesi ja`ne de Tovar islep shıg`arıwshılar ha`m isbilermenler palatası ja`ne de olardın` orınlardag`ı territoriyalıq organları ta`repinen a`melge asırıladı.

Biraq, ha`zirgi payıtqa shekem bazı jaylarda diyxan-fermer xojalıqları iyeleri diyxan ha`m fermer xojalıqları birlespesi menen baylanıs ornatpag`an.

Ma`lim bolg`anınday, Respublika Diyxan ha`m Fermer xojalıqları birlespesinin` en` to`mengi buwını birlespenin` rayon wa`killeri bolıp tabıladı. Awıl ken`esleri yaki ja`ma`a`t (shirket) xojalıqları shen`berinde olardın` buwınları joq. Birlespenin` rayon wa`killikleri pu`tkil rayon statusındag`ı diyxan-fermer xojalıqları tolıg`ı menen ja`rdem ko`rsete almaydı. Basqasha aytqanda, olarg`a tikkeley a`meliy ja`rdem bere almaydı.

Sonın` ushın, bizin` pikirimizshe, orınlarda kompleks servis xızmeti ko`rsetiwshi sho`lkemler du`ziw maqsetke muwapıq. tap usı sho`lkemler diyxan-fermer xojalıqlarına tikkeley jaqın boladı ha`m diyxan-fermer xojalıqları o`zlerinin` ba`rshe mashqalaların usı sho`lkem arqalı sheshiw imkaniyatı tuwıladı.

Bizin` pikirimizshe, kompleks servis xızmeti ko`rsetiw orayları sha`rtnama tiykarında to`mendegi islerdi du`ziw ha`m a`melge asırıwı lazım:

1. İslep shıg`arıwdı sho`lkemlestiriwde ja`rdem ko`rsetiw. bunda diyxan-fermer xojalıqlarının` jerlerine islew beriwde, eginlerdi asırawda, ot-jem jıynawda ko`meklesedi.

2. Za`ru`rli resurslar menen ta`miyinlewde. Bunda diyxan-fermer xojalıqların ot-jem, azıq-awqat, zatlı mallar tuqımlıq, mineral to`gin, pestitsidler, qurılıs materialları menen ta`miyinlewdi du`zedi.

3. Jetistirilgen o`nimlerdi satıwda. Diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen sharwashılıq o`nimleri (su`t, go`sh), miywe-palızlardı satıwda ko`meklesedi.

4. Diyxan-fermer xojalıqlarına xızmet ko`rsetiw. bunda diyxan-fermer xojalıqlarına transport, veterenariya, konsalting xızmetleri ko`rsetiwdi quraydı ha`m muwapıqlastıradı. (1.2.1.-sızılma).

Sho`lkemlestiriletug`ın kompleks servis xızmeti ko`rsetiw orayı diyxan - fermer xojalıqlarına sha`rtnama tiykarında za`ru`rli xızmetlerdi ko`rsetedi. Bunday oraylar ma`mleket ta`repinen, jeke shaxslar ta`repinen yaki payshılıq tiykarında sho`lkemlestiriliwi mu`mkin.

Diyxan-fermer xojalıqları menen usı oray ortasında du`ziletug`ın sha`rtnama uzaq mu`ddetli bolıwı maqsetke muwapıq boladı. Bul diyxan-fermer xojalıqları o`nim jetistiriwde tikkeley tap usı oray xızmetinen paydalanadı ha`m jetistirgen o`nimin de lazım tapsa, tap usı sho`lkemge satadı. Bunda o`nim jetistiriwde ko`rsetiletug`ın xızmet ushın diyxan-fermer o`nimi menen de esap-kitap qılıw imkaniyatı jaratılıwı kerek.

1.2.1 -sızılma.

Diyxan-fermer xojalıqlarının` kompleks servis xızmeti ko`rsetiw sho`lkemi menen baylanısının` tipovoy sızılması



Servis xızmeti ko`rsetiw orayı o`zi xızmet ko`rsetetug`ın territoriya shen`berindegi diyxan-fermer xojalıqları sanı, jer maydanı ha`m egiletug`ın egin tu`rlerinen kelip shıg`ıp xızmet ko`rsetiw tu`rlerin belgileydi. Diyxan-fermer xojalıqların mineral to`ginler menen ta`miyinlewde ha`r bir diyxan-fermer xojalıg`ının` jer maydanınan ha`m basqa parametrlarden kelip shıqqan halda mineral to`ginler belgilengen limitte l`gotlı bahalarda satıladı. Normadan artıg`ı bolsa erkin (kommertsiyalıq) bahalarında satılıwı mu`mkin. Bunnan tısqarı ot-jem, janılg`ı maylaw materialları satıwda da tap ha`r bir territoriyanın` sha`rayatınan kelip shıqqan halda keltirilip, erkin satılıwı maqsetke muwapıq boladı.

Ha`r bir kompleks xızmet ko`rsetiw orayı o`zi xızmet ko`rsetetug`ın territoriya shen`berinde diyxan-fermer xojalıqlarının` mu`ta`jliklerine jeterli za`ru`rli resurslarg`a iye bolsa, diyxan-fermer xojalıg`ı qa`lese onı o`zi satıp alıp o`zi isletiwi yaki tap usı oray xızmetinen paydalanıwı ushın sha`rayat jaratılıwı kerek. Da`slepki da`wirlerde bunday oraylardı sho`lkemlestiriwdi xoshametlew, olarg`a kredit alıwda, salıqta ha`r qıylı jen`illikler beriw arqalı diyxan xojalıqlarına bir qansha arzan bahalarda xızmet ko`rsetiliwine erisiw mu`mkin.

### 1.3. Diyxan-fermer xojalıqlarında o`nim jetistiriwdegi mashqalalar ha`m sheshimler

Ba`rshe tu`rdegi xojalıq ju`ritiw formaları sıyaqlı diyxan-fermer xojalıqları da joqarı da`rejede rawajlang`an bazar infrastrukturası ha`m resurslar bazarı, xojalıq ju`ritiwdin` basqa formaları menen integratsiya ha`m kooperatsiya sha`rayatında tola rawajlana aladı ha`m ja`ne de ko`plep mug`darda sapalı o`nim islep shıg`aradı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında o`nim jetistiriw mug`darına ju`da` ko`p faktorlar ta`sir qıladı. Bul faktorlar ishinde en` tiykarg`ısı jer maydanlarının` ko`lemi bolıp tabıladı. Diyxan-fermer xojalıg`ında o`ndirilip atırg`an diyxanshılıq o`nimi ha`m sharwashılıq o`nimi jer maydanlarının` ko`lemine ha`m topıraq o`nimdarlıg`ına tuwrıdan-tuwrı baylanıslı bolıp tabıladı.

Ma`lim bolg`anınday, respublikamızda 80 jıllardın` aqırlarına kelip uchastkag`a ajıratılg`an jer maydanlarının` kemligi sebepli awıl sem`yalarında sharwashılıq penen shug`ıllanıw qıyınlasıp, bar mallardın` bas sanı ha`m o`nimdarlıg`ı jıldan-jılg`a kemeyip bardı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında sharwa haywanları bag`ılmaslıg`ının` tiykarg`ı sebebi ot-jem jetispewshiligi bolıp tabıladı. Diyxan-fermer xojalıqları kishi jer maydanlarında diyxanshılıq qılsa, sharwa ushın azıq-awqat jetistiriwge jer qalmaydı, sharwag`a azıq-awqat jetistirse, miywe-palız jetistire almaydı. Ko`p g`ana alımlardın` esap-kitaplarına ko`re diyxan-fermer xojalıqlarının` o`zinde jetistirilgen ot-jem bag`ılıp atırg`an sharwa haywanları mu`ta`jinin` tek 25-35 protsentin qandırıwı mu`mkin.

Diyxan-fermer xojalıqların ot-jem menen jaman ta`miyinlengenligi o`z-o`zinen o`nimdarlıqqa ha`m o`nim mug`darına ta`sir qıladı. Ot-jem joqshılıg`ı sha`rayatında ko`p g`ana diyxan-fermer xojalıqları iyeleri o`zinde bar azıq-awqattı kem mug`darda sarplap uzaq mu`ddetke jetkiziwge ha`reket qıladı. Bul o`z na`wbetinde haywanlar ha`m quslardın` o`nimdarlıg`ına unamsız ta`sir qıladı. Bazı xojalıqlar bolsa haywanlar bas sanın kemeyttiredi yaki olardı bag`ıwdan ulıwma waz keshpekte. A`lbette, diyxan-fermer xojalıqları ja`ma`a`t fondınan da ra`smiy ha`m ra`smiysiz ra`wishte paydalanadı. Ha`zirgi ku`nde jaylarda arnawlı du`ka`nlar arqalı kontsentrat ha`m aralas azıq-awqat satıw a`melde jolg`a qoyılmag`an. Bul is penen jeke shaxslar shug`ıllanadı.

Ha`zirgi waqıtta diyxan-fermer xojalıqları iyeleri o`z jerlerine ot-jem eginlerinen ko`re o`zleri ushın ekonomikalıq jaqtan na`tiyjelirek bolg`an palız, kartoshka ha`m da`nli eginlerdi egiwdi maqul ko`redi.

Agrosanaat kompleksi tarawları ortasında buzılg`an ekonomikalıq mu`na`sibetler endi g`ana qayta tiklenip atırg`an ha`zirgi bazar ekonomikasına o`tiw sha`rayatında ja`ma`a`t xojalıqlarında da diyxan-fermer xojalıqlarında da sharwa malların azıq-awqat penen ta`miyinleniw da`rejesi biraz jamanlasıp ketti.

Ja`ma`a`t, shirket, ma`mleket xojalıqlarında eginler strukturasında azıq-awqat eginleri maydanlarının` kemeyip ketiwi ha`m usı maydanlarg`a ko`birek paxta ha`m biyday egiliwi na`tiyjesinde xojalıqlar ta`repinen xalıqqa pishen, silos ha`m saban satıw sa`lkem kemeyip ketken. Biyday maydanları ko`beyiwi esabına xojalıqlar azıq-awqatqa bolg`an talaptı saban esabına toltırıwg`a ha`reket qılmaqta ha`m na`tiyjede xalıqqa saban satıw da belgili ra`wishte kemeyip barmaqta. A`lbette, g`a`lle erkinligine erisiw za`ru`r ma`sele. Sonın` ushın da, g`a`lle maydanlarının` ko`beyiwi ta`biyiy. Lekin g`a`lle jıynastırıp alıng`annan keyin tezde aydalıp ornına ta`kirar azıq-awqat eginlerin egiwdi izbe-iz jolg`a qoyıw maqsetke muwapıq. Keyingi jıllarda respublikada g`a`lleden bosag`an jerlerge ta`kirar eginler egiw jolg`a qoyıla baslandı. Lekin, ha`zirde xojalıqlardın` texnika bazası bul isti qısqa mu`ddette a`melge asırıwg`a imkaniyat bermey atır.

Bizin` pikirimizshe, respublika diyxan-fermer xojalıqlarında ot-jem ma`selesin unamlı sheshiw ushın to`mendegi islerdi a`melge asırıw lazım. Ja`ma`a`t ha`m shirket xojalıqlarında jetistirilip atırg`an ot-jemlerdi diyxan-fermer xojalıqlarına sha`rtnama tiykarında satıwdı du`ziw, g`a`lleden bosag`an jerlerdin` bir bo`legin diyxan-fermer xojalıqlarına ta`kirar azıq-awqat eginleri egiw ushın ajıratıp beriw ha`m za`ru`r ja`rdem (texnika, tuqımlıq, to`gin h.t.b.) ko`rsetiw ta`miynat ha`m sawda sho`lkemleri ta`repinen ot-jemdi erkin ha`m jeterli da`rejede satıwdı du`ziw. Sonday-aq, ha`zirgi payıtta satılıp atırg`an jem bahasın da qayta ko`rip shıg`ıw lazım boladı.

Sharwashılıqta o`nimdarlıq tek ot-jem ma`selesine g`ana baylanıslı emes. Sharwa haywanlarının` o`nimdarlıg`ına 4 faktor birdey ta`sir qıladı. Bular:

1. Mallardın` joqarı zatlı bolıwı;
2. Ot-jem bazasının` bekkem bolıwı;
3. Gigiena (bag`ıw sha`rayatı);
4. İsbilermenlik (basqarıw).

Diyxan-fermer xojalıqlarındag`ı mallar tiykarınan jergilikli jerlerdegi joqarı zatlı haywanlar sonın` ushın da olardın` o`nimdarlıg`ı ju`da` pa`s. Sog`an

qaramastan o`nimdarlıq ko`rsetkishleri ja`ma`a`t ha`m fermer xojalıqları ko`rsetkishlerine qarag`anda ju`da` joqarı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında salıstırmalı ko`birek o`nimdarlıqqa erisip atırg`anlıg`ının` sebebi olarda haywanlardı bag`ıw sha`rayatının` ja`ma`a`t ha`m fermer xojalıqlarına qarag`anda jaqsılıg`ı bolıp tabıladı.

Biraq diyxan-fermer xojalıqlar erisip atırg`an o`nimdarlıq ko`rsetkishlerin de joqarı ko`rsetkishler dep bolmaydı. Ma`selen, Gollandiya, Angliya sıyaqlı ma`mleketlerde ha`r bas sıyırdan ortasha 6-7 mın` litrden su`t sawıp alınadı. Demek, bizdegi diyxan-fermer xojalıqları ko`rsetkishlerinen q-n` barabar joqarı.

Bizin` pikirimizshe, respublika sha`rayatında diyxan-fermer xojalıqlarındag`ı sıyırlar o`nimdarlıg`ın asırıw ushın olardın` zatdarlıg`ın jaqsılaw lazım. Bunın` ushın, xalıq qolındag`ı sıyırlardı zatdar qaramallar tuqımı menen passiv ra`wishte qashırıwdı jolg`a qoyıw kerek. Ma`lim bolg`anınday, ba`rshe ja`ma`a`t xojalıqlarının` sharwashılıq fermaları qasında ha`zirde derlik xızmet ko`rsetpey atırg`an passiv qashırıw punktları bar. Olarg`a tuqımdı Respublika oraylıq na`silshilik xojalıqtı jetkizip beriwi kerek. Oray ba`rshe wa`layat, rayon ha`m xojalıqlarg`a muzlatılg`an tuqım jetkizip beriw imkaniyatına iye. Bul jerde udayı q mln. dozadan artıq muzlatılg`an tuqım bar boladı. Bahası da qımbat emes, 100-120 sum a`tirapında. Mag`lıwmatlarg`a qarag`anda shet elde 1 doza tuqımnın` bahası ortasha 10-20 AQSh dolları turadı.

Orayda Golland zatı, Golshtin, Qara ala, Daniya qara alası, Shvits, Bushuev ha`m basqa o`nimdar zatlardın` tuqımı tayarlanadı. Olardın` ana a`wladtın` su`t o`nimdarlıg`ı 7000-10000 kg. Qa`niygelerdin` pikirinshe bizin` sha`rayatta sıyırlardı usı tuqımlar menen atalandırıp 3500-4000 kg su`t beretug`ın a`wladlar alıw mu`mkin.

Diyxan-fermer xojalıqlarda bag`ılıp atırg`an haywanlarg`a veterinariya xızmeti ko`rsetiwdi jaqsı jolg`a qoyıw da sharwashılıqtın` rawajlanıwına unamlı ta`sir ko`rsetedi. Respublikada diyxan-fermer xojalıqlarındag`ı sharwa haywanlarına veterinariya xızmeti ko`rsetetug`ın vetpunktlar qurag`an. Olardın`

sanı jeterli da`rejede. Ha`r bir awıl ken`esi territoriyasında vetpunktlar bar. Lekin ha`zirgi ku`nde bul vetpunktlar kerekli da`ri-da`rmanlar menen jaqsı ta`miyinlengen. Vetpreparatlardın` ko`pshiligi shet elden keltiriledi. Olardın` bahası qımbat ha`mde valyutag`a satıp alıw kerek, bul bolsa o`z na`wbetinde ma`lim qıyınshılıqlar menen baylanıslı. Vetta`miynat xojalıqları ta`repinen diyxan-fermer xojalıqları ushın ayrıqsha da`ri-da`rmanlar, a`sirese, tez ushırap turatug`ın keselliklerge qarsı ajıratıwdı jolg`a qoyıw arqalı xalıq qolındag`ı sharwa haywanlardan alınıp atırg`an o`nimler mug`darının` turaqlıg`ına erisiw mu`mkin. Diyxan-fermer xojalıqlardag`ı sharwa malları ha`m quslardı emlewdi diyxan ha`m fermer xojalıqları birlespeleri ta`repinen finanslastırıw sharwa haywanların, a`sirese, quslardı jug`ımlı keselliklerden qırılıp ketiwinin` aldın aladı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında diyxanshılıq o`nimlerin jetistiriwde de o`nim mug`darına, sıpatına ha`m o`zine tu`ser bahasına ju`da` ko`p faktorlar ta`sir qıladı. Bunda da en` za`ru`ri jer maydanlarının` o`lshemi bolıp tabıladı. Respublikada diyxan-fermer xojalıqları jer maydanlarının` o`te kishiliginen diyxan-fermer xojalıqları iyeleri o`zleri ushın ekonomikalıq jaqtan na`tiyjeli egin tu`rin ekpekte. Respublika boyınsha diyxan-fermer xojalıqlarındag`ı bar egin maydanlarının` ko`pshiligi palız eginleri ha`m kartoshka menen ba`nt.

Diyxanshılıq o`nimleri jetistiriwde tuqımlıq, to`gin, o`simliklerdi qorg`aw ma`selelerin unamlı sheshiw arqalı joqarı na`tiyjelerge erisiw mu`mkin.

Joqarıda keltirgenimizdey, diyxan-fermer xojalıqlarında tiykarg`ı tu`rdegi awıl xojalıg`ı eginlerinin` o`nimdarlıg`ı respublikadag`ı ortasha ko`rsetkishlerden 1,5-2 barabar joqarı. Bunın` tiykarg`ı sebepleri: birinshiden, diyxan ha`m fermer o`zi ushın isleydi, o`nim o`ziniki, sonday-aq, da`ramat ko`p bolsa da kem bolsa da o`zine; ekinshiden, diyxan xojalıqlarda derlik ba`rshe jumıslar qolda o`zi orınlaydı ha`m jumıstın` u`lken itibar beredi; u`shinshiden, kishkene maydang`a egin egiliwi sebepli ba`rshe agrotexnologiyalıq protsess o`z waqtında orınlanadı; to`rtinshiden, diyxan-fermer xojalıqlarda maydan birligine ko`p mug`darda organikalıq to`gin salınadı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında o`nim jetistiriw da`rejesine tikkeley ta`sir qılatug`ın za`ru`r faktorlardan biri egiletug`ın eginlerdin` sapalı tuqımlıg`ı bolıp tabıladı. Ma`lim bolg`anınday, joqarı zu`ra`a`tli, erte piser, keselliklerge shıdamlı taza tuqımlıq egilgende g`ana basqa agrotexnikalıq ilajlardın` na`tiyjesi joqarı boladı. Diyxan-fermer xojalıqların sapalı tuqımlıq ha`m egiw materialı menen ta`miyinley turıp egiletug`ın eginlerdin` joqarı o`nimdarlıg`ına erisip bolmaydı.

Respublikada o`tkizilgen baqlawlar sonı ko`rsetedi, ha`zirgi ku`nde diyxan-fermer xojalıqları iyeleri tuqımlıqlardı tiykarınan bazarlardan ha`m jeke isbilermenlerden satıp aladı. Egilip atırg`an tuqımnın` sapasına tazalıg`ına, reproduktsiyasına hesh qanday kepillik joq. Palızlardın` tuqımları tiykarınan jeke shaxslar ta`repinen shetten keltiriledi. Olardın` da sapasına hesh kim kepillik bermeydi. Usı ma`seleni unamlı sheshiw ushın tuqımlıq jetkizip beriw boyınsha servis xızmetin jolg`a qoyıw maqsetke muwapıq bolar edi.

Bir qatar ilimiy juwmaqlarda, jazılg`an ilimiy a`debiyatlarda diyxan-fermer xojalıqlarda o`nim jetistiriwge ta`sir qılıwshı tuqımlıq, to`gin, o`simliklerdi qorg`aw, jer maydanları o`lshemleri ha`m usı sıyaqlı mashqalalarg`a ken` toqtap o`tilip, bul mashqalalardı joq qılıw jolları da jeterlishe ko`rsetilgen.

Bizin` pikirimizshe, diyxan-fermer xojalıqlarında o`nim jetistiriw da`rejesine ta`sir etiwshi en` za`ru`r faktorlardan biri bul insan faktorı bolıp tabıladı. Anıg`ıraq qılıp aytqanda, diyxan-fermer xojalıg`ı iyesinin` bilimi, ta`jiriybesi, ekonomikalıq-sotsiallıq tu`sinigi, texnologiyalıq sanası, ulıwma alg`anda, isbilermenligine ko`p na`rse baylanıslı.

Sharwashılıqta o`nim jetistiriw da`rejesine ta`sir qılıwshı 3 tiykarg`ı faktor o`nimdar zat, azıq-awqat, bag`ıw sha`rayatı, o`simlikshiliktegi tiykarg`ı faktorlar – tuqımlıq, to`gin ha`m o`simliklerdi qorg`aw organikalıq ra`wishte birlesip ju`zege shıg`ıwı en` aldın-ala diyxan-fermer xojalıg`ı iyesinin` isbilermenligine baylanıslı.

Respublikamızda o`tkizilgen monografiyalıq baqlawlar ha`m anketa sorawları na`tiyjeleri sonı ko`rsetedi, diyxan-fermer xojalıg`ı iyeleri bir tu`rli sha`rayatta bir qıylı jer o`lshemlerinde o`zinin` bilimi, isbilermenligi, jumısqa

bolg`an mu`na`sibetinen kelip shıqqan halda tu`rli mug`darda o`nim jetistiriw tu`rli mug`darda da`ramat aladı.

Diyxan-fermer xojalıqları ushın jaratılg`an imkaniyat bir qıylı lekin a`ne usı imkaniyattan paydalanıw da`rejesi ha`r tu`rli. Jaratılg`an imkaniyattan u`nemli paydalanıp o`z jerlerinen joqarı da`ramat alır atırg`anlar da, jaqsı keypiyatta ju`rip berilgen imkaniyattan tola paydalanbay atırg`anlar da ushırap turadı.

## II-bap. Diyxan-fermer xojalıqlarında o`ndirislik esaptı sho`lkemlestiriwdi jetilistiriw jolları

### 2.1. Diyxan-fermer xojalıqlarında buxgalteriyalıq esabın ju`rgiziwdin` a`piwayılasqan forması

Joqarıda aytıp o`tkenimizdey, tiykarınan bir bag`darda qa`niygelestirilgen ha`m xojalıq mashqalalar az mug`darda ju`z beretug`ın ha`m de o`ndiris protsessinde material ha`m basqa resurslardı az sarplaytug`ın jeke fermer xojalıqları ushın buxgalteriya esabının` a`piwayılastırılg`an formasın sho`lkemlestiriw maqsetke muwapıq boladı.

Onın` mazmunı sonnan ibarat, yag`nıy ju`z bergen xojalıq problemalarının` esabı tiykarınan «Xojalıq mashqalaların esapqa alıw da`pteri» (K-1 forma) da dizimge alıw jolı menen a`melge asırıladı. Usı da`pter ja`mlestirilgen esap registri bolıp, ol fermer xojalıg`ında qollanatug`ın barlıq buxgalteriya schetların o`z ishine aladı ha`m olardın` ha`r biri boyınsha ju`z bergen xojalıq mashqalaların esapqa alıw imkaniyatına iye. Sol menen birge ol balanstın` tiyisli stat`yaları mazmunın tiykarlaw ushın ha`m jeterli da`rejede du`zilgen. Fermer xojalıg`ı buxgalteri bul da`pterdi vedomost` ko`rinisinde bir ayg`a ashıwı (za`ru`r bolg`anda problemalardı esapqa alıw boyınsha schetlar ashıw ushın qosımsha betler kirgizip) yamasa problemalardı jıl dawamında esapqa alınatug`ın qılıp da`pter formasında ju`ritiwi de mu`mkin. Jıl dawamında ju`ritiletug`ın da`pter tigilip ha`m betleri nomerlengen bolıwı kerek. Onın` aqırg`ı betinde betler sanı, nomer ha`m so`z benen jazılıp fermer xojalıg`ının` basshısı ha`m bas buxgalter imzası menen tatıyıqlanadı ha`m de mo`r basıladı.

Fermer xojalıg`ında esptı a`piwayılastırıw o`z esabın ju`ritiw tiykarında esap protsessinin` az qa`rejetligin ta`miynleydi, yag`nıy esaptı fermer xojalıg`ı baslıg`ı yamasa xojalıq ag`zalarınan esap ju`rgiziwdi biletug`ın birewi alıp baradı. Na`tiyjede xojalıq protsesslerin ha`m finanslıq resurslardı bir adam basqarıwına,

sonday-aq esap ju`rgiziw ushın qılınatug`ın qa`rejetlerdi tejewge erisiledi. Esap registrların komplektlewde birdeylikke erisiw ushın olardı da`pter ko`rinisinde tigiwi za`ru`r. Da`pterler ko`lemi bir jıl dawamında paydalanıwı ushın mo`lsherleniwi maqsetke muwapıq. Bunday qolaylı esap registorların toltırıw, esabat du`ziw ha`m za`ru`r mag`lıwmatlardı izlep tabıwg`a qolaylıq jaratadı. Fermer xojalıqlarındag`ı esap sisteması ha`m xalıq xojalıg`ındag`ı buxgalteriya esabı sistemasındag`ıdan esap usılı, esap jazıwları texnologiyası ha`m esap islerinin` sho`lkemlestiriliwinin` birden- birligine tiykarlang`an bolıwı lazım. Esap usılı–bul esaptı a`melge asırıwda qollanılatug`ın usıllardın` ilmiy tiykarlang`an sisteması esaplanadı. Bul sistema to`mendegi elementlerden ibarat: hu`jjetlestiriw, inventarizatsiya, bahalaw, kal`kulyatsiya, schetlar sisteması, jaqlama jazıw, esabatlardan turadı.

Esap usılının` usı usılların fermer xojalıqlarına engiziw ha`m na`tiyjelerin analizlew olardın` a`hmiyeti tu`p tiykarınan o`zgergenligi haqqında juwmaq jasawg`a alıp keledi. Ma`selen, sem`yalıq (jeke) fermer xojalıqlarında ko`p tarmaqlı, ko`lemi qarag`anda u`lken fermer xojalıqlarında qollanılatug`ın, schetlar dizimi ha`m eki jaqlama jazıw sıyaqlı usıllardan paydalanıw sha`rt emes. Da`slepki hu`jjetler klassifikatsiyalanıwına ko`re ishki ha`m sırtqı hu`jjetlerge bo`linedi.

Fermer xojalıqları ushın ishki xojalıq hu`jjetler-bul en` aldı menen, o`ndiris protsessin (o`ndiriske ketken qa`rejetler ha`m alıng`an o`nimlerdi) ra`smiylestiretug`ın hu`jjetler esaplanadı. İri awıl xojalıq xojalıqlarında 200 den ko`birek ha`r qıylı da`slepki hu`jjetler qollanıladı. Fermer xojalıqlarında a`piwaylastırılg`an esap sisteması sharayatında bolsa bunday da`slepki hu`jjetlerge mu`ta`jlik qalmaydı. Sırtqı baylanıslar ushın qollanılatug`ın hu`jjetler: kiriwshi (ta`miynat protsessi), shıg`ıwshı (satıw protsessi) ha`m bank hu`jjetleri, bizin` pikirimizshe, iri awıl xojalıq xojalıqları a`meliyatındag`ı sıyaqlı bolg`anı maqsetke muwapıq.

Buxgalteriya esabı usılının` elementlerinen biri esaplang`an inventarizatsiya fermer xojalıqlarında o`z a`hmiyetin jog`altadı. Sebebi, qarjılardın` saqlanıwı ha`m

esap kitaplardın` isenimliligi fermer xojalıg`ı baslıg`ı ha`m ag`zalarının` ku`ndelikli qadag`alawı arqalı ta`miynlenedi. Joqarıda aytıp o`tilgenindey xojalıqlardın` qa`niygeleskenligi ha`m o`ndiristin` sho`lkemlesken formaları esap sistemasına tuwrıdan-tuwrı ta`sir ko`rsetedi. Sonın` ushın ha`m esaptı ha`r bir fermer xojalıg`ının` sha`rayatın u`yrenip, a`piwayı ha`m tu`sinikli qılıp jolg`a qoyıw za`ru`r. Ma`selen, bir sem`yadan ibarat fermer xojalıqlarına ol yamasa bul formadag`ı ishki xojalıq a`hmiyetine iye bolg`an da`slepki hu`jjetlerdi toltırıw sha`rt emes. Bunda tiykarg`ı esap registri «Xojalıq mashkalaların esapqa alıw da`pteri» (K-1 forma) qollanıladı. Bug`an qosımsha fermer xojalıg`ının` mu`lklerin (olardın` tu`rleri boyınsha gruppalang`an jag`dayda) a`piwayı «kirim–shıg`ım» printsipi tiykarında esapqa alınatug`ın da`pterlerden paydalanıladı.

Esap-kitap mashqalaları (tovar jetkerip beriwshiler ha`m qarıydarlar menen; qamsızlandırıw, byudjet ha`m byudjetten tısqarı sho`lkemler menen, tu`rli debitorlar ha`m kreditorlar ha`m de miynet haqı boyınsha xojalıq ag`zaları menen esap-kitaplar) ushın o`z aldına vedomost` ju`rgiziledi.

Bank penen bolatug`ın baylanıslar ha`m bank qag`ıydalarına muwapıq to`mendegi pul ha`m esap-kitap hu`jjetlerine tiykarlanıp ra`smiylestiriledi: to`lem tapsırıg`ı, to`lem talapnama-tapsırma, aktseptti biykarlaw haqqında arza, naq pul tapsırıw ushın bildiriwnama, naq pul alıw ushın shek da`ptershesi. Aytıp o`tilgenlerdi ulıwmalastırıw tiykarında sem`yalıq (jeke) fermer xojalıqlarında esaptın` a`piwayı usılı a`piwayılastırılg`an forması boyınsha buxgalteriya esabın ju`rgiziw sistemasın to`mendegi 2.1.1-sızılma arqalı ko`rsetiw mu`mkin.

Fermer xojalıg`ı ma`mleket diziminen o`tip, bankte schet ashıp: salıq, qamsızlandırıw, napaqa fondı: ba`ntlik xızmeti ha`m basqa tiyisli ma`mleket organları ha`m ma`mleketlik emes sho`lkemlerinen dizimnen o`tkennen son` jumısın baslaydı. Bunda aldı menen bar bolg`an qarjılar ha`m qarjılar dereklerin ulıwmalastırıp da`slepki balans du`ziledi.

2.1.1-sızılma

Fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabın ju`rgiziw sisteması




Balans mag`lıwmatlarınan xojalıqtın` qanday qarjılarg`a iye ekenligin ha`m sol qarjılardın` qaysı dereklerden payda bolg`anlıg`ı, yag`nıy o`z qarjısına yamasa qarız ekenligin ko`riw mu`mkin. Bunnan tısqarı tiykarg`ı esabat tu`ri bolıp ta esaplanadı.

Sonnan keyin, «Bayterek» diyxan-fermer xojalıg`ında jumıs basladı ha`m onda yanvar` ayı dawamında to`mendegi xojalıq operatsiyaları ju`z bergen. Bul operatsiyalar tiyisli da`slepki hu`jjetler menen ra`smiylestirilip, dizimge alınadı h.t.b.

Jıl basında yamasa xojalıq jumıs baslag`an waqtınada da`slepki balansqa tiykarlanıp «Xojalıq operatsiyaların esapqa alıw da`pteri» (K-1 forma) g`a barlıq bar qarjılar ha`m derekler boyınsha tiyisli schetlar ashılıp, olarg`a balanstag`ı schetlardan qaldıqlar o`tkeriledi.

Fermer xojalıqları ay dawamında ju`z bergen xojalıq operatsiyaları da`slepki hu`jjetlerde ra`smiylestirilip, ha`r bir operatsiya mazmunına qarap usı da`slepki

hu`jjetlerde aldınnan schetlar baylanısı belgilenedi. Sonnan keyin K-1 formanın` 3-«Operatsiya mazmunı» degen grafasında ay ha`m sol ayda ju`z bergen ba`rshe xojalıq operatsiyalar pozitsiyalı usıl menen xronologiyalıq ta`rtipte (operatsiyanın` ju`z beriwine qarap izbe-iz) jazıp barıladı. Sol menen birge da`pterdin` «Summa» grafasında qılıng`an ha`r bir operatsiya summası eki jaqlama jazıw usılı menen bir waqıttın` o`zinde qarjılar ha`m dereklerdin` tiyisli tu`rlerin esapqa alıw ushın mo`lsherlengen schetlardın` «Debet» ha`m «Kredit» grafalarında da sa`wlelendiriledi.

Fermer xojalıqlarında miynet haqı boyınsha xızmetkerler menen esaplasıwlar, da`ramattan byudjetke to`lenetug`ın salıqlar ha`m de qamsızlandırıw organları ha`m basqa fondlarg`a ajıratpalardı esapqa alıw ushın «İs haqını esapqa alıw vedomosti» (V-2 forma) ju`rgiziledi. Vedomost`ta is haqı ha`m og`an qosımsha esaplaw, da`ramat salıg`ı, pensiya fondına ajıratpa, aliment, ka`siplik awqamg`a ajıratpa sıyaqlı is haqıdan uslanıp ha`m de is haqı summasına qatnasına esaplanıp byudjet ha`m qamsızlandırıw organlarına o`tkiziletug`ın summalar esap-kitap qılınadı. Summalar ja`mlenip, tekserilgennen son` tuwrıdan tuwrı vedomost`ta, aldınnan provodka du`ziledi ha`m tiyisli (K-1) formasına o`tkeriledi. Bunda 3 - «Operatsiya mazmunı» grafasına V-8 forma - «İs haqı esaplaw vedomostı»na tiykarlanıp jazılıp esaplang`an, qosılıp esaplang`an ha`m uslang`an summalardın` ha`r bir tu`ri boyınsha atpa-at o`z aldına qatar menen tiyisli summaları o`tkeriledi. Son`ınan vedomost`tın` sol betine «Summalar» K-1 formag`a o`tkeriledi» dep jazıladı ha`m sol ku`ngi sa`ne menen buxgalter imza qoyadı.

Ma`lim bolg`anınday, bazar ekonomikası sharayatında byudjetke to`lenetug`ın salıqlar, qamsızlandırıw organlarına ha`m basqa byudjetten tısqarı organlarg`a ajıratpalar tu`rleri ko`beyedi, ha`m de olardın` norması (stavkası) o`zgerip te turadı. Olardın` esaplanıwı, to`leniwi (o`tkeriliwin) ha`m ay aqırına qarız bolıp qalg`ıp atırg`anın tu`rleri boyınsha sa`wlelendiriw ha`m qadag`alap barıw ushın «Byudjet, qamsızlandırıw ha`m de basqa debitor ha`m kreditorlar menen esaplasıwlar» vedomostı ashıw maqsetke muwapıq.

Ay aqırında qarjılar ha`m olardın` qarjıların esapqa alatug`ın barlıq schetlardın` debet ha`m kredit oborotları ja`mlenedi. Barlıq schetlar debet ha`m kredit oborotlarının` o`z aldına ja`mi n`-grafadag`ı summalar ja`mine ten` bolıwı kerek. Bul ten`likten summalardın` schetlarda tuwrı sa`wlelendirilgenine isenim payda etkennen son` keyingi aydın` a`-sa`nesine balans du`ziledi. Bunın` ushın shıg`arılg`an qaldıqlar tiyisli schetlar boyınsha «Debet» grafasındag`ıları balanstın` «Aktivi»ne, «Kredit» grafasındag`ıları «Passiv»ke o`tkeriledi. Demek, esaptın` a`piwayılastırılg`an formasında balans du`ziw tuwrıdan-tuwrı «Xojalıq operatsiyaların esapqa alıw da`pteri» (K-1 forma) arqalı a`melge asırıladı. Keyingi aylarda da esap ju`rgiziw sol ta`rtipte dawam ettirile beredi. Balans esabatı fermer xojalıqlarında tiykarg`ı esabat formalarınan bolıp, onın` tuwrı, anıq ha`m o`z waqtında du`ziliwi ko`p ta`repten bul esaptı tuwrı sho`lkemlestiriwge baylanıslı. Juwmaqlap sonı aytıwımız lazım, fermer xojalıqlarında buxgalteriyalıq esabının` a`piwayılastırılg`an forması to`mendegi sha`rt sharayatlar bolg`anda qollanılıwı mu`mkin:

–Qa`rejetler esabat da`wirin (ayın) de tolıg`ınsha o`nim o`ndiriw (is orınlaw ha`m xızmet ko`rsetiw) ge sarp etilgende alg`an o`nimleri (orınlang`an jumıs ko`lemi ha`m ko`rsetilgen xızmetler ushın buyırtpashılardın` xojalıqtan ha`m de kishi xojalıqnın` basqa sho`lkemlerden qarızı bolmag`anda yag`nıy satılg`an o`nim alıng`an materiallar ha`m de orınlang`an jumıs ha`m xızmetler ushın esaplasıwlar operatsiya ju`z beriwi menen tezden a`melge asırıladı);

– A`piwayı o`ndiris usılın a`melge asırıw, yag`nıy, quramalı bolmag`an usıl shen`berinde bir yamasa bir neshe tu`rli o`nimler o`ndirilgende (is, xızmet orınlag`anda), buyırtpa boyınsha is orınlag`anda;

– Aldınnan (avans etip) qa`rejet ha`m o`nim alıw jag`dayları bolmag`anda;

– Da`ramatlar ha`m qa`rejetlerdi alıng`an ha`m to`lengen naq pullar tiykarında esapqa alıw imkaniyatının` barlıg`ı kishi xojalıqlarda buxgalteriyalıq esabının` a`piwayılastırılg`an formasın qollawda a`hmiyetli faktor bolıp

esaplanadı, yag`nıy da`ramatlar satılg`an o`nimler (orınlang`an is ha`m ko`rsetilgen xızmetler) ushın kassada naq pul menen alıng`anda;

–Qa`rejetler bolsa, materiallar, is ha`m xızmetler ushın to`lengen naq pul sarıplanıwı jazıp barılg`anda.

**2.2. Diyxan-fermer xojalıqlarına kreditler beriw ta`rtibi ha`m onın` esabı**

Fermer xojalıqlarında o`ndiris protsesslerin a`melge asırıw ushın finans qarjılarının` jetispewshiligi ju`da` ko`p ushraytug`ın ahwal bolıp esaplanadı. Bunın` ushın ma`mleketimizde fermerlerge kredit beriw dizimi islep shıg`ılg`an. Kreditlestiriw bul tiykarınan eki bag`darda, birinshiden, jan`a fermer xojalıqların sho`lkemlestiriw, ekinshiden, ma`mleketli zakaz boyınsha jetistirilgen o`nimlerdin` qa`rejetlerin kreditlestiriw.

Fermer xojalıqların sho`lkemlestiriw ha`m rawajlandırıw ushın kredit beriw eki tu`rde kommertsiyalıq bankler tarifinen mikrokreditler sonday-aq, byudjetten tıs fondlardan kredit beriw jolı menen a`melge asırıladı. Birinshiden, kommertsiyalıq bankler tarifinen kredit beriw O`zbekstan Respublikası Oraylıq Banki tarifinen 2000 jıl 22 fevral`dag`ı 464 sanlı qararı ha`m A`dillik Ministrliginin` 2000 jıl 29 fevral`dag`ı 903 sanlı menen dizimnen o`tken «Kommertsiyalıq bankler tarifinen yuridikalıq ta`rep bolg`an fermer xojalıqlarına ha`m de kishi biznestin` basqa sub`ektlerin milliy ha`m shet el valyutalarında kreditlestiriw ta`rtibi» ha`m son`g`ı kirgizilgen o`zgerisler boyınsha a`melge asırıladı.

Fermer xojalıqlarına ha`m de basqa kishi biznes sub`ektleri ushın beriletug`ın mikrokreditler kredit berilgen ku`ngi Oraylıq bank kursı esabında 10000 (on mın`) AQSh dollarınan aspaytug`ın milliy ha`m shet el valyutasında beriletug`ın kreditler tu`siniledi.

Bankler mikrokreditlerdi sha`rtnama tiykarında ha`m biznes planı boyınsha q jıl mu`ddetke beredi. Kreditler qarıydardın` talap etip alg`an waqtına shekem depozit esap sanı ko`rsetilgen ob`ekt boyınsha beriledi.

Diyxan-fermer xojalıqlarına mikrokredittin` 50% ke shekemgi bo`legin sharwa mallar, kuslardı ha`m naq pullay satıp alıwg`a beriledi. Bular 18 ay yamasa 1,5 jılg`a shekem bul naq pul qaytarılıw sha`rti menen beriledi.

Mikrokreditler to`mendegi maqsetlerge beriledi:

1. Kishkene (mini) qurılmalar satıp alıw ushın.
2. Fermer xojalıqlarına texnikalar satıp alıw, imaratlar qurıw, tuqım, sharwa malları, quslar, ot-sho`p, jem, da`ri-darmanlar, mineral to`ginler ha`m o`simliklerdi qorg`awg`a ximiyalıq elementlerdi satıp alıw ushın beriledi.
3. Tu`rli materiallar islep shıg`arıw ha`m qayta islew.

Mikrokreditler alıw ushın to`mendegi hu`jjetler talap etiledi.

1. Mikrokredit alıw ushın kredit buyırtpası;
2. Biznes reje;
3. Aqırg`ı esap beriw da`wirine rayon salıq inspektsiyası tarepinen tastıyıqlang`an buxgalteriya balansı. (forma 1);
4. Kreditorlıq ha`m debitorlıq qarızı haqqında spravka. (2a forma);
5. Finans na`tiyjesi haqqında esabat (2 forma);

Sonday-aq, bank qarız alıwshının` mikrokreditin qaytarmay qoyıw qa`wipinin` aldın alıw ushın bank to`mendegi hu`jjetlerdi talap etedi.

1. Mu`lk ya bolmasa qımbat bahalı qag`azlar girewi;
2. Qamsızlandırıw sho`lkemi girewi;
3. Shaxs kepilligi;
4. Puxaralıq jıyınları, awıl aqsaqalları ken`esi kepillikleri.

Naq pul alıng`an mikrokreditler protsentleri naq pulda to`lenedi. Qaytarıw mu`ddeti jetip kelgen waqıtta qarız (kredit) alıwshının` schetında pul bolmag`an jag`dayda mu`ddeti o`tken kelgen ssudalar schetı alıp barıladı ha`m onı o`ndirip alıw ilajları ko`riledi, bul boyınsha mu`ddetli minnetlemeler 2 kartotekag`a jaylastırıladı ha`m protsentler kredit summasınan aldın o`ndiriledi. Fermer xojalıqlarına kredit beriwdin` ekinshi tu`ri O`zbekstan Respublikası Oraylıq Banki basqarıwının` 2001 jıl 14 sentyabr`degi 203 «V» sanlı, O`zbekstan

Respublikasının` Finans Ministrliginin` 2001 jıl 14 sentyabr` 108 sanlı qararları menen tastıyıqlang`an ha`m A`dillik Ministrliginin` 2001 jıl 30 oktyabr`degi 1074 sanlı dizimnen o`tken «Kommertsiyalıq bankler tarifinen jeke isbilermenlerdi, kishi ha`m orta biznes sub`ektlerin byudjetten tıs fondlarının` kredit liniyaları esabınan kreditlestiriw ta`rtibi» tuwrısındag`ı nızam tiykarında a`melge asırıladı. Bunda kreditler fermer, kishi ha`m orta yuridikalıq shaxs statusına iye bolg`an jag`dayda 10000 (on mın`) AQSh dollarınan aspawı ko`rsetilgen.

Bunda fermer xojalıqlarına da`slepki shıg`ım formasında beriletug`ın kredit – mikrokredit formasında bolıp en` az miynet haqının` 300 esesinde beriledi. Bul jen`illikli kreditler ushın protsent stavkası Oraylıq Bankinin` ha`rekettegi qayta finanslastırıw stavkasına qatan` protsentte belgilenedi.

Bunda diyxan ha`m fermer xojalıqların rawajalandırıw ha`m ken`eyttiriw ushın, texnikalar satıp alıw ushın, fermerlik imaratların qurıw ushın Oraylıq bankinin` a`meldegi qayta finanslastırıw stavkasın 1/3 (30%) shegarasına belgilenedi.

Baslang`ısh kredit a`melge asırıw ushın Oraylıq Banktin` a`meldegi qayta finanslastırıw stavkasının` 1/6 yaki 16,8% mug`darında protsent qoyıladı.

O`ndiris ha`m shiyki zat materialların jan`adan islep shıg`arıw ushın 40 protsent ko`leminde belgilenedi.

Kreditler ushın protsentler kredit berilgen ku`nnen baslap esaplanadı ha`m de o`ndiriledi.

«Biznes – Fond» kredit liniyaları boyınsha berilgen jen`illikli tu`rde kredit berilgen ku`nnen baslap esaplanadı, biraq, jen`illikli da`wir o`tkennen keyin o`ndiriledi. Fermer xojalıqları ushın 2-5 jılg`a shekem jen`illikli da`wirdi esapqa alıp 10 jıl mu`ddetke beriledi. Biraqta, kredit stavkalar kredit berilgen ku`nnen esaplanadı. Jen`illikli mu`ddeti jetkennen keyin to`lew baslanadı. Ulıwma fermer xojalıqlarına o`ndiristi sho`lkemlestiriw ushın beriletug`ın kreditler keminde 2 jıl mu`ddetke beriledi.

Fermer xojalıqların ma`mleket za`ru`rligi ushın satıp alınatug`ın paxta ha`m da`n qa`rejetleri kommertsiyalıq bankler boyınsha kreditlestiriw O`zbekstan Respublikası Finans Ministrligi 2003 jıl 8 noyabr`degi 124 sanlı, Oraylıq Bank basqarıwının` 2003 jıl 8 noyabr`degi 242 V sanlı qararı menen tastıyıqlang`an A`dillik Ministrligi ta`repinen 2004 jıl 6 yanvar`da 285 sanlı dizimnen o`tken «Fermer xojalıqlarının` ma`mleketlik za`ru`rlik ushın satıp alınatug`ın paxta ha`m da`n jetistiriw qa`rejetlerin kommertsiyalıq bankler ta`repinen kreditlew ta`rtibi tuwrısında Nızam» tiykarında a`melge asırıladı.

Nızam 2003 jıldan baslap Buxara, Namangan, Ferg`ana, Xorezm wa`layatları fermer xojalıqlarına 2005 jılda Qaraqalpaqstan Respublikası, Qashqada`r`ya, Surxanda`r`ya, Sırda`r`ya, Tashkent, wa`layatları fermer xojalıqlarına ma`mleketlik za`ru`rlik ushın paxta ha`m g`a`lle jetistiriw qa`rejetlerine kreditlestiriw a`melge asırıldı. Kredit paxta ha`m g`a`llenin` qunının` 50% mug`darında beriledi. Paxta ha`m g`a`llenin` ma`mleket za`ru`rligi ushın qunı «Wzpaxtasanoat» ha`m «Wzdonmahsulot» Ma`mleketlik aktsionerlik kompaniyaları menen du`zilgen sha`rtnama tiykarında belgilenedi. Bunda kredit summası tayarlaw xojalıqları tarifinen jetkerip berilgen za`ru`r summasına kemeyedi. Bul kredit to`mendegi maqsetlerge beriledi:

1. Miynet haqı ha`m onın` ajıratpaların to`lew ushın;
2. Mineral to`ginler, o`simliklerdi ximiyalıq ha`m biologiyalıq qorg`aw zatların satıp alıw ushın;
3. Janar may materialların satıp alıw ushın;
4. MTP lar xızmetleri ushın;
5. Xojalıq ıqtıyarındag`ı texnikalarg`a zapas bo`lekler satıp alıw ushın;
6. Finans lizingi menen satıp alıng`an texnikalardın` lizing to`lewleri ushın;
7. Elektroenergiya to`lewleri ushın;
8. Plenka astına egiletug`ın paxtag`a plenka satıp alıw ushın;
9. Kollektor drenajlardı tazalaw jumısları ushın;
10. Jer salıg`ın to`lew ushın kreditler beriledi.

Kreditler mug`darı ha`r bir egin tu`rine agrotexnikalıq ilajlar shegarasında esaplap shıg`ıladı. Miynet haqınan basqa pullar arnawlı schetlar arqalı naq pulsız a`melge asırıladı.

Mineral to`ginler, ximiyalıq zatlardı satıp alıwda qarjılar «Wzqishloqxwjalikkime» ha`m «Wzkimesanoat» MAK tiyisli arnawlı 23222 esap-betine o`tkeriledi.

MTP xızmetleri ushın da, janar may materialları ushın da joqarıdag`ı 23210 schetına o`tkerilip barıladı ha`m sol schetlar arqalı to`lewler a`melge asırıladı.

Bizin`she, bul qa`rejetler fermerler esabına o`tkerilgende u`nemlewge ha`reket etip, jumıslar kem qa`rejet jumsap ko`birek jumıs ko`lemin orınlawg`a bolar edi, sebebi, fermer qansha az qa`rejet jumsap ko`birek payda alıwg`a qızıg`ıwı na`tiyjesinde o`z xojalıg`ında islewshileridin` abadanlıg`ın asırıwg`a qızıg`atug`ını so`zsiz bolıp esaplanadı.

Bul kreditler o`nim tapsırıp bolg`anınsha ko`bi menen a`h aydan aspay qaytarıwı kerek. Bul kreditler boyınsha jıllıq jen`illikli protsent stavkası 5% etip belgilengen, bunın` g`o` O` bank xızmetine tiyisli.

Kredit sha`rtnamasın du`ziw menen birge bankte fermer xojalıg`ına ssuda kartası (beti) ashıladı. To`lewler tiykarınan fermerdin` to`lew tapsırması arqalı a`melge asırıladı ha`mde bul to`lewler nızamda ko`rsetilgen qa`rejetler ushın to`lenedi.

Miynet haqı to`lew agrotexnikalarda belgilenip shegarada berilse DT 5110 «Esaplasıw schetı» 150000 sum, KT 6810 «Banktın` qısqa mu`ddetli krediti» 150000 sum jumısshılarg`a alıng`an aqsha kassag`a o`tkerilse DT 5010 «Kassa» 145000 sum, KT 5110 «Esaplasıw schetı» 145000 sum.

Pul jumısshılar qolına berilse:

DT 6710 «Miynet haqı to`lew boyınsha personallar menen esaplasıw» 145000 sum.

KT 5110 «Kassa» 145000 sum provodkalar beriledi.

## 2.3. Fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabın sho`lkemlestiriwdi jetilistiriw jolları

«Fermer xojalıqları haqqındag`ı nızam»g`a muwapıq «Fermer xojalıqları o`zine uzaq mu`ddetli ijarag`a berilgen jer uchastkalarınan paydalang`an halda tovar awıl xojalıg`ı o`ndirisi menen shug`ıllanıwshı fermer xojalıg`ının` ag`zalarının` birgeliktegi iskerligine tiykarlang`an, yuridik shaxs huqıqlarına iye g`a`rezsiz xojalıq ju`rgiziwshi sub`ekt» dep ko`rsetilgen.

Fermer xojalıqları nızam jolı menen g`a`rezsiz xojalıq ju`rgiziwshi sub`ekt ha`m yuridikalıq shaxs huqıqına iye bolıp, xojalıq ju`rgiziwdin` jan`asha usılların islep shıg`arıwg`a engiziwleri ha`r ta`repleme za`ru`rli halg`a aylandı.

Sonın` ushın da, fermer xojalıqları finans-xojalıq iskerliginin` buxgalteriyalıq esabın tuwrı sho`lkemlestiriw ha`m ju`rgiziw za`ru`rli a`hmiyetke iye.

Fermer xojalıg`ının` xojalıq finanslıq iskerligin sho`lkemlestiriwshi to`mendegi protsessler esap ob`ektleri bolıp esaplanadı:

-Tiykarg`ı qurallar (satıp alıw, ijarag`a beriw, lizingke alıw h.t.b.);

-Materiallıq baylıqlar (jem, da`ri-darmaqlar, investorlar h.t.b.);

-O`ndiris protsessi;

-Tayar o`nimlerdi satıw ha`m og`an tiyisli esap kitaplar;

-Bank, finans, salıq organları ha`m basqalar menen esap kitap baylanıslar.

Ko`pshilik fermer xojalıqlarının` baslıqları esap ju`rgiziw boyınsha arnawlı bilimge iye emeslikleri sebepli shetten buxgalter jallaydı. Bul, birinshiden fermer xojalıg`ı ushın artıqsha qa`rejet qılıwg`a, ekinshiden esap jumıslarının` ma`lim bir sistemag`a keltirmesten, ha`r tu`rli formada ju`rgiziwge alıp keledi. Sonın` ushın da respublikamız fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabın ju`rgiziw ha`m esabat du`ziwge ha`r tu`rli jantasıwlar bar ha`mde ko`pshilik ko`rsetkishlerdi formalastıratug`ın mag`lıwmatlardı alıw imkaniyatı joq.

Fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabın sho`lkemlestiriwge bunday ha`r tu`rli jantasıwlar na`tiyjesinde esap texnologiyasında ma`lim jaqsı ta`jiriybeler toplandı. Biraq ta`jiriybelerde esap protsessinin` texnikası onın` metodınan a`dewir aldınlap ketip, esaptın` quramalasıwına, ha`m ayırım hallarda bolsa reformalardı teren`lestiriwge tosqınlıq qılıwına alıp kelmekte. Sog`an qaramay fermer xojalıqlarında esaptı tuwrı jolg`a qoyıw maqsetinde buxgalteriya esabın, olardın` qa`niygeleskenligi, xızmetkerler sanı, mal ha`m quslardın` bas sanı, tiykarg`ı quralları ha`m baylanıs qarjıları ha`m de fermer xojalıg`ınan basqa o`zine say qa`siyetlerinen kelip shıqqan halda sho`lekemlestiriw za`ru`r.

Usı qa`siyetlerge muwapıq fermer xojalıqları ushın buxgalteriya esabı sistemasın a`piwayılastırılg`an halda sho`lkemlestiriw boyınsha instruktsiyalar islep shıg`ıldı.

Bul esap sistemasın bizin` pikirimizshe, to`mendegi tiykarg`ı sha`rt-sharayatlar islengen halda a`melge asırıw mu`mkin:

– Esap registorlarının` a`piwayı tu`sinerli ha`m bir tu`rde du`ziw ha`m toltırıw;

– Esap ob`ektlerin tolıq sa`wlelendiriw;

– Basqarıw qararların qabıl qılıw ushın za`ru`r mag`lıwmatlardı o`z waqtında formalastırıw;

– Esap registrların komplektlewde bir tu`rlilikke erisiw;

– Fermer xojalıg`ının` o`ndiris finans iskerligi tuwrısındag`ı esabattı du`zew.

Fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabı ha`m esabatı №20 «Kishi isbilermenlik sub`ektleri ta`repinen esaplardı a`piwayılastırıp ju`ritiw ha`m esabatlardı du`ziw ta`rtibi haqqında» BEMS ha`m № 21 «Xojalıq ju`ritiwshi sub`ektler finans xojalıq iskerligi buxgalteriya esabınan schetlar jobası ha`m onı qollaw boyınsha instruktsiya»da belgilengen birden-bir metodının` tiykarlar ha`m jıynaqlarg`a muwapıq sho`lkemlestiriledi. Bunda buxgalteriya esabı aldına to`mendegi wazıypalar qoyıladı:

– Mu`lklerdin` saqlanıwı ha`m ha`reketi ha`m de tastıyıqlang`an normalarg`a ha`m jobalarg`a tiykarlang`an halda materiallıq, miynet ha`m finans resurslarınan paydalanıwı u`stinen qadag`alawdı ta`miynlew.

– Xojalıqda xojalıq protsessleri ha`m iskerligi na`tiyjeleri haqqında basqarıw ushın engiziwshiler, investorlar, qarıydarlar, kreditorlar, bank ha`m salıq organları paydalanıwları za`ru`r bolg`an tolıq ha`m anıq mag`lıwmatlar tayarlaw.

Fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabın sho`lkemlestiriw xojalıq baslıg`ı juwapker esaplanadı. Fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabı g`a`rezsiz esap bo`limi ta`repinen a`melge asırılıp, onı bas buxgalter basqaradı. Eger fermer xojalıg`ında esap bo`limi yamasa buxgalter bolmasa, buxgalteriya esabın tiyisli organ yamasa qa`niygeler sha`rtnama tiykarında ju`ritiwi mu`mkin. Fermer xojalıqlarında ha`mme xojalıq mashqalaların hu`jjetlestiriw buxgalteriya esabının` baslang`ısh basqıshı bolıp esaplanadı. Bunın` ushın tastıyıqlang`an tarawlar ha`m taraw hu`jjetlerinin` tu`rleri qollanılıwı mu`mkin.

Bul hu`jjet tu`rlerinde to`mendegi za`ru`r rekvizitler bolıwı sha`rt: hu`jjettin` atı, nomeri ha`m du`zilgen sa`nesi, xojalıq baylanısının` mazmunı: xojalıq baylanısının` o`lshewi (klimat o`lshewlerde) xojalıq baylanısı payda bolıwı ha`m olardı tuwrı rasmiylestiriwge juwapker shaxslardın` atı ha`m imzası.

Buxgalter xızmetkerler xojalıq baylanısların rasmiylestiriwde buxgalteriya esabında hu`jjetler ha`m hu`jjetlerdin` aylanıw ta`rtibine a`mel qılıwı kerek. Buxgalteriya esabında hu`jjetlerdegi mag`lıwmatlar esap registrlarında jazılıp, ulıwmalastırılıwı ha`m dizim alınıwı ha`m de olarg`a tiykarınan buxgalteriya esabatları du`ziliwi kerek. Xojalıq baylanısları az bolatug`ın fermer xojalıqlarına esaptın` a`piwayılıstırılg`an tu`rin qollanıwdı ma`sla`ha`t beremiz.

Bunın` ushın a`meldegi schetlar jobası tiykarında qısqarttırılg`an schetlar jobasın du`ziwi kerek. Bul schetlar jobası xojalıq qarjıları ha`m olardın` dereklerin buxgalteriyalıq esap registrlarında tiykarg`ı schetlar boyınsha alıp barıwdı ta`miynleydi ha`m sol tiykarda buxgalteriya esabı mag`lıwmatlarının` anıqlıg`ı u`stinen qadag`alap turıladı.

Qısqartılg`an schetlar jobasında ayırım schetlar, o`z wazıypaları menen birge bul jobag`a kiritilmegen schetlardın` funktsiyalarında orınlanıwı ko`zde tutılg`an.

2.3.1-keste

Qısqartılg`an schetlar jobasında schetlar gruppası

| Schetlar | Schetlardın` atı | Schetlar-dın` tu`ri |
|---|---|---|
| 0110-0199 | Tiykarg`ı qurallardı esapqa alıwshı schetlar. | A |
| 0211-0299 | Tiykarg`ı qurallardın` eskiriwi. | KA |
| 0310 | Uzaq mu`ddetli ijara sha`rtnaması boyınsha alıng`an tiykarg`ı qurallar. | A |
| 0810-0890 | Kapital qoyılmalar. | A |
| 1010-1090 | Materiallardı esapqa alıwshı schetlar. | A |
| 1110-1120 | O`stirilip atırg`an ha`m bag`ıwdag`ı xaywanlardı esapqa alıwshı schetlar. | A |
| 2010 | Tiykarg`ı o`ndiris. | A |
| 2810 | Skladtag`ı tayar o`nimler. | A |
| 4010 | Qarıydar ha`m buyırtpashılardan alınatug`ın schetlar. | A |
| 4210 | Miynet haqı boyınsha beriletug`ın ja`rdemler. | A |
| 5010 | Kassa. | A |
| 5110 | Esap-kitap schetı. | A |
| 5210 | Ma`mleket ishindegi valyuta schetı. | A |
| 5810 | Qımbat bahalı qag`azlar. | P |
| 6010 | Jetkerip beriwshiler ha`m kesip alıp islewshiler. | P |
| 6310 | Qarıydar ha`m buyırtpashılardan alınatug`ın vznoslar | P |
| 6510 | Qamsızlandırıw boyınsha to`lemler. | P |
| 6520 | Maqsetli ma`mleketlik fondlarg`a to`lemler. | P |
| 6710 | Miynet haqı boyınsha xızmetkerler menen esaplasıwlar. | P |
| 6810 | Qısqa mu`ddetli bank krediti. | P |
| 6910 | To`lenetug`ın qısqa mu`ddetli ijara haqı. | P |
| 7910 | To`lenetug`ın uzaq mu`ddetli ijara haqı. | P |
| 8300 | Ustav kapitalın esapqa alıw. | P |
| 8400 | Qosılg`an kapitaldı esapqa alıw. | P |
| 8500 | Rezerv kapitalın esapqa alıw. | P |
| 9010 | O`nimlerdi satıwdan tu`sken da`ramatlar. | T |
| 9110 | Satılg`an tayar o`nimlerdin` o`zine tu`ser bahası. | T |
| 9910 | Aqırg`ı finanslıq na`tiyje. | T |

Qısqartılg`an schetlar jobasında usınıs qılıng`an schetlar gruppası fermer xojalıg`ının` finanslıq ahwalı haqqındag`ı buxgalteriya balansın du`ziw qag`ıydalarına muwapıq onın` qarjıları ha`m qarjılar dereklerinin` mug`darınan kelip shıg`ıp xojalıq iskerligi esapqa alıp du`ziledi.

Fermer xojalıqları mu`lkshilik ha`m qaysı tarawg`a tiyisliligine qarap bir birinen parq qıladı. Sonın` ushın olar o`zlerinin` isshi schetlar jobasın du`ziwge usınılıp atırg`an schetlar jobasınan u`lgi sıpatında paydalanıwı mu`mkin.

Ayırım fermer xojalıqları o`zlerinin` isshi schetlar jobasın islep shıg`ıwda islep shıg`arıw qa`rejetleri, alıng`an o`nimler, o`zine tu`ser bahanı esaplaw, da`ramatlar ha`m o`nimlerdi satıwdın` finanslıq na`tiyjesin esapqa alıwdı o`z iskerliginin` ayırım sha`rt-sharayatlarınan kelip shıg`ıwı kerek.

Fermer xojalıg`ı o`z iskerligin esapqa alıw ushın isshi schetlar jobasın qabıl qılg`annan keyin a`piwayılıstırılg`an esap dizimi usınıslarında mirat etilgen buxgalteriya esabı tu`rlerinen o`zine sayın tan`laydı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında o`nimlerdi o`ndiriw arqalı xalıqtın` talabın qanaatlandırıw ha`zirgi bazar qatnasıg`ı jag`dayında u`lken a`hmiyetke iye. Xalıqtın` talabın ja`ne de tolıg`ıraq ta`miyinlew ushın za`ru`r bolg`an o`nimlerdi o`ndiriw fermer xojalıqlarının` tiykarg`ı uazıypası bolıp tabıladı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında o`nimlerdi o`ndiriw milliy da`ramattın` ko`lemin asıradı. O`nim o`ndiriw da`rejesinin` joqarılawı ushın qosımsha dereklerdi jaratıw ha`m miynetkeshlerdin` materiallıq turmıs da`rejesin joqarılatıw za`ru`r.

Diyxan-fermer xojalıqlarının` tolıq xojalıq esabı, o`z qa`rejetlerin o`zi qaplaw ha`m o`zin-o`zi qarjı menen ta`miyinlew tiykarında zamanago`y xojalıq mexanizmlerin iske keltiriw bazar ekonomikasında ulken a`hmiyetke iye.

Ha`zirgi waqıtta ha`r bir ja`miyet o`z jobaların o`zleri erkin du`zip tastıyıqlaydı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında o`nimlerdi o`ndiriw ha`m satıwdı analizlewdin` tiykarg`ı wazıypaları to`mendegilerden ibarat:

- o`nimdi o`ndiriw ha`m satıw boyınsha belgilengen joba tapsırmalarının` tuwrılıg`ın tekseriw;

- diyxan-fermerler o`nim o`ndiriw jobasının` orınlanıwı ha`m o`zgerislerinin` ko`lemi, ta`rtibi, nomenklaturası, assortimenti, sıpatı boyınsha ha`m bir tegis o`nim o`ndiriwge baha beriw;

- o`tken jılg`a ha`m jobanı haqıyqıy o`ndiristi salıstırıp jobanın` orınlanıwındag`ı parqtı ha`m onın` sebeplerin anıqlaw;

- du`zilgen sha`rtnama tapsırmaları tiykarında o`nimdi jetkizip beriw boyınsha satıw jobasının` orınlanıwına baha beriw;

- o`nimdi o`ndiriw ha`m onı satıwdı a`melge asırıw boyınsha rezervlerdi anıqlaw ha`m o`nim quramı ha`m sapasın jaqsılaw.

Bulardı analizlew arqalı diyxan-fermer xojalıg`ında o`nim o`ndiriwdi rawajlandırıw a`melge asırıladı. Sebebi, barlıq mag`lıwmatlardı jıynap, ka`rxananı basqarıw ushın imkaniyatlar jaratıladı. Xojalıqtı rawajlandırıw ushın paydalanılmay atırg`an rezervler anıqlanadı ha`m onı tolıq qollanıw ushın sha`rayatlar jaratıladı. Solay etip, xojalıqtı keleshekte rawajlandırıw ushın barlıq mu`mkinshiliklerdi paydalanıwg`a ilajlar islenip shıg`arıladı. Ha`r qanday ka`rxananın` ekonomikalıq jag`dayın analizley otırıp, onın` kemshiliklerin bilip barasan` ha`m olardı saplastırıw ushın bar imkaniyatlardan paydalanıw boyınsha belgili bir qararlar qabıllanadı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında o`ndjirilgen o`nimler satıwdan aldın sap tu`sim ko`lemi tovarlar sıpatı, mug`darı, sha`rtnama ha`m bazardag`ı bahalardın` o`zgerisleri menen g`ana baylanıslı bolıp qalmastan, satıw ushın arnalg`an tovarlardın` turıp qalıwınan sıpatının` buzılıwı, o`ndiristegi braklar ko`lemine de baylanıslı. O`ndiris protsesindegi texnologiyalıq o`zgerisler esabına, orınlawshılardın` uqıpsızlıg`ı ha`m juwapkersizligi sebepli jol qoyılg`an kemshilikler ta`sirinde tovarlar sıpatının` pa`seyiwi ha`m brak o`nimler payda bolıwına sebep boladı.

Sonın` menen birge, shiyki zat sıpatının` pa`sligi, standartqa say kelmesligi, u`skenelerdin` tez buzılıwı, o`ndiris protsessindegi zıyanlar, kadrlar kategoriyasının` pa`sligi sebepli o`ndirilip atırg`an o`nimler quramında brakqa jol qoyılıwı mu`mkin. Brakqa jol qoyılıwı sebepli tutınıwg`a shıg`atug`ın tayar o`nim ko`lemi kemeyedi, o`nimnin` o`zine tu`ser bahası qımbatlaydı. Sebebi, brak o`nim o`ndiris ushın sarplang`an qa`rejetlerdin` zaya ketkenligi, o`nimsizliginen derek beredi.

Ta`replerdin` o`z-ara du`zgen sha`rtnamalarında jetkerip beriletug`ın tovarlardın` mug`darı, bahasınan tısqarı assortimenti ha`m sıpatı da kelisiledi. Demek, brak o`nimler o`ndiris yamasa tovarlar sıpatının` buzılıwı tutınıwshı huqıqının` buzılıwına ha`m ekonomikalıq zıyan ko`riwine alıp keledi.

Sha`rtnamag`a muwapıq o`ndiriwshi tutınıwshıg`a sıpatsız o`nim islep shıg`arg`anı ushın jetkizilgen zıyandı qaplawı sha`rt. O`ndiriwshi diyxan-fermer xojalıqları dawagerlik mu`ddeti tawsılmastan aldın brakqa iye bolg`anlıg`ı ushın qaytarılg`an tovar ornına basqa o`nimler jiberiwi yamasa aldıng`ı tovarlardın` bragin du`ziwlep, tutınıwshıg`a jiberiwi lazım. O`nimler bragi – du`ziwlenetug`ın yamasa du`ziwlenbeytug`ın tu`rlerge bo`linedi. Jol qoyılg`an braktın` o`nimler bahasına ta`sirin anıqlaw ushın brak na`tiyjesinde diyxan-fermer xojalıqları qurıdan-qurı sarplag`an ba`rshe material, miynet ha`m finanslıq qa`rejetleri ja`mlenedi, sonın` menen birge, kemshilikti du`zetiw ushın a`melge asırılg`an qosımsha sarplar da qosılg`an halda braktın` o`zine tu`ser bahası anıqlanadı. Bul anıqlang`an jog`altıwlardı tovar o`niminin` o`zine tu`ser bahasına bo`liw arqalı brak sebepli o`nim ko`leminin` kemeyiwi anıqlanadı.

Ha`zirgi bazar ekonomikası sharayatında ha`r bir xojalıq ju`rgiziwshi sub`ekt o`zinin` o`ndiris ha`reketinde ha`r qıylı texnologiyag`a tiykarlanıwı ha`mde imkanı barınsha o`nimlerdin` braklik da`rejesin pa`seytiwi kerek boladı.

Ka`rxanalar ta`jiriybesinde o`nim o`ndiriw ko`lemine ta`sir etiwshi faktorlardı ha`r qıylı toparlarg`a bo`liw mu`mkin, lekin bulardın` ishinde en` a`hmiyetlileri bolıp:

- isbilermenlik faktorı;
- miynet faktorları;
- material zapaslar menen ta`miyinlengenlik faktorı;
- tiykarg`ı qurallar menen qurallang`anlıq faktorı;
- basqa da faktorlar.

Bazar ekonomikası sharayatında ta`sirshen` faktorlardan biri – isbilermenlik faktorı. Sol sebepli, o`nim o`ndiriw ko`leminin` o`zgeriwine ta`sir etiwshi faktorlar qatarına isbilermenlik uqıplıg`ı faktorı da kirgiziliwi ta`rtiplesken ha`m bul ta`rtiplestiriw ekonomikalıq ta`repten orınlı. Sebebi, joqarıda aytılg`an o`ndiris faktorları isbilermenlik faktorı menen birgelikte o`ndiris na`tiyjeligin asırıwg`a ta`sir etedi.

Miynet o`ndiristin` a`hmiyetli faktorı esaplanadı, sebebi ol material baylıqlar, zapaslardı shiyki-zat sıpatında tiykarg`ı qurallardan paydalanıp o`ndiristi sho`lkemlestiredi ha`m tayar o`nim jaratıladı. Ba`rshe faktorlar bir-biri menen tıg`ız baylanısqan halda o`ndiris ko`lemine ta`sir etedi. Miynet faktorların analizlewde diyxan-fermer xojalıqlarının` miynet ku`shleri quramı, ha`reketi ha`m olar menen ta`miyinlengenlik, jumıs waqtınan paydalang`anlıq, miynet o`nimi ha`m miynet faktorlarınan o`ndirilgen o`nim ko`leminin` o`zgeriwine bolg`an ta`sirleri anıqlanadı.

Tovar ha`m material zapaslardan paydalang`anlıq faktorın u`yreniwde olar menen ta`miyinlengenlik, tovar zapaslarının` ha`reketi, materillıq juwapkerler boyınsha saqlanıw jag`dayı, o`nimli paydalang`anlıq, material baylıqlardın` qaytımı ha`m sıyımı ha`mde material baylıqlardan paydalanıwdın` o`ndirilgen o`nimler ko`lemine ta`siri sıyaqlı ko`rsetkishler analizlenedi.

Bu`gingi ku`nde diyxan-fermer xojalıqlarının` texnikalıq ta`repten qayta qurallanıwı u`lken a`hmiyetke iye, sebebi, zamanago`y tiykarg`ı qurallardan paydalanıw jumıs o`niminin` artıwına, o`nimler sıpatının` jaqsılanıwına ha`mde texnologiyalıq protsesslerdegi jog`altıw – braklerdin` kemeyiwine ta`sir etedi. Sonın` ushın da, bul faktordın` analizinde diyxan-fermer xojalıqlarının` tiykarg`ı

qurallarının` quramı, ha`reketi ha`m texnikalıq jag`dayı, o`ndiris quwatlıqları ha`m tiykarg`ı qurallardan paydalanıw ko`rsetkishleri ha`mde tiykarg`ı qurallardan aqılg`a muwapıq paydalanıwdın` islep shıg`arılg`an o`nim ko`lemine ta`siri u`yreniledi.

Basqa da faktorlar degende, bazar kon`yukturası, talap ha`m usınıs, ba`sekileslerdin` imkaniyatı, tutınıwshı ha`m buyırtpashılardın` satıp alıw qa`bileti, xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardın` o`zgerisi ha`m sol sıyaqlı basqa da sebepler tu`siniledi.

O`nim o`ndiriw protsesinde o`ndiriw da`stu`rinin` orınlanıwın analizlewde bir qansha informatsiya dereklerinen paydalanıladı, yag`nıy, o`nimlerdin` o`zine tu`ser bahası, o`ndiris ha`m ka`rxananın` o`nim boyınsha jıllıq esabatı ha`m t. b.

O`nim o`ndiriw protsesinde ko`lem ko`rsetkishleri arasında o`nimdi satıw ko`rsetkishi o`zine ta`n a`hmiyetke iye bolıp, ol o`nim o`ndiriw na`tiyjeligin anıqlawshı sıpat ko`rsetkishlerinin` biri bolıp tabıladı.

O`nim o`ndiriw protsessinde o`nimlerdi satıw o`ndirilgen o`nimge baylanıslı. Satılg`an o`nim degende tovarlardı tutınıwshılarg`a jiberip, onın` aqshası tovar jiberiwshilerdin` banktegi esap-kitap schetına o`tkiziliwi tu`siniledi.

O`nim o`ndiriw protsessinde o`nim jetkizip beriw sha`rtnaması ka`rxanalar arasında du`zilgen pitim, bunda o`nim jetkizip beretug`ın ka`rxana qarıydar ka`rxanag`a o`z-ara kelisilgen assortimentindegi mug`dar ha`m sapasındag`ı o`nimdi o`z mu`ddetinde tapsırıw minnetlemesin, qarıydar bolsa onı qabıl qılıw ha`m haqısın to`lew minnetlemesin o`z moynına aladı. Sha`rtnamada onı orınlawdın` aralıq sha`rt-sha`riyatları ıdısqa (tarag`a) qoyılatug`ın talaplar, bahalar, esap-kitaplar ta`rtibi, o`nimlerdi oraw, jaylastırıw ha`m tasıw usılları ko`rsetiledi. Sha`rtnamadag`ı minnetlemeler a`melge asırılmasa o`nim jetkizip beriwshi ka`rxana materiallıq jaqtan juwapker bolıp, tutınıwshı ko`rgen zıyandı qaplaydı. Sha`rtnama punktleri buzılg`anı ushın ja`riymalar to`lew, ko`rilgen zıyandı qaplaw ka`rxananı buyırtpashıg`a o`nim jetkizip beriw minnetlemesinen azat etpeydi. O`nim jetkizip beriw ta`rtibi ka`rxanalardın` tek o`zine baylanıslı bolmay, ba`lkim

materiallıq-texnika ta`miyinlew organları, transport ha`m t.b. jumıslarg`a da baylanıslı. Sha`rtnama minnetlemeleri ju`z protsent orınlansa ka`rxanada materiallıq-xoshametlew fondının` ko`beyiwine ta`sir etedi. Sol sebepli ha`zirgi waqıtta ka`rxananın` o`nim satıw jobasın du`zilgen sha`rtnama minnetlemesi boyınsha o`nim nomenklaturası (assortimenti) mug`darı ha`m sapası boyınsha orınlanıwı sol ka`rxana xızmetin bahalawdın` birinshi da`rejesi bolıp qaldı.

Biz endi «Bayterek» diyxan-fermer xojalıg`ının` o`nimlerdi o`ndiriwge jumsalıng`an o`ndirislik qa`rejetlerinin` analizin ko`rip o`temiz.

Bunday usıllardın qollanılıwı xojalıqlarda buxgalteriya esabı mag`lıwmatları esabat mag`lıwmatlarına tuwrı keliwi yaki esabat mag`lıwmatlarının` buxgalteriya esabı mag`lıwmatları menen say keliwi tiykarg`ı usıl bolıp esaplanadı.

Auditor xojalıqtın` finanslıq jag`dayı audit kılıwda en` aldın xojalıq balansınan aktiv ha`m passivlerdi salıstıradı. Aktiv xojalıq ıqtıyarında mal-mulk ha`m ag`ımdag`ı aktivlerge bo`liniwi, passiv kapitalı ha`m funktsiyalarına tolısıwın tolıq tekserip ko`redi.

Bul tekseriwler na`tiyjesinde auditor xojalıqtın` finanslıq ha`reketin en` aldın, karjılardın` kuramın tiykarg`ı ha`m aylanba karjılar salıstırmasın minnetleme menen o`z qarjılarının` dereklerin salıstıradı.

Tiykarg`ı qurallar menen aylanba karjılar salıstırması qarjılardın` pulg`a aylanıwın bildirse, o`z karjıları menen sırtan tartılg`an karjılar salıstırması xojalıqtın` to`lew qa`bileti da`rejesin bildiredi.

Bazar ekonomikası sharayatında xojalıqtın` finanslıq esabatına muwapıq finanslıq kontsentratlar anıqlanadı, likvidlik karjılardın aylanıw koeffitsientleri, fondlıq kapital quramı, bazar aktivligi koeffitsientlerin analiz kılıp ko`redi ha`m bul koeffitsientlerdin` tuwrılıgın anıqlawda buxgalteriya mag`lıwmatları menen salıstırıp tekseriledi.

Finanslıq na`tiyjeler ha`zirgi ku`nde to`mendegi usıllardan anıqlanadı.

1.O`nimdi satıwdan alıng`an jalpı payda.

2. Tiykarg`ı xızmetten alıng`an payda.

3.Ulıwma xojalık xızmetinen alıng`an payda.

4.Salıq to`legenge shekemgi bolg`an payda.

5.Esabat da`wirindegi sap payda.

Auditor xojalıq finanslıq na`tiyjelerin onın` quramın teksergende tiykarg`ı finanslık na`tiyjeler haqqındag`ı esabat mag`lıwmatlarınan paydalanadı. Auditor o`nim o`ndiriw qa`rejetlerin teksergende xojalıq qa`rejetleri menen olardı aralastırmawı kerek. İslep shıg`arıw qa`rejetlerin 2010 «Tiykarg`ı islep shıg`arıw» schetının` analitik xa`m sintetikalıq schetlarınan paydalanadı.

Xojalıqta o`nimler (xızmetler ko`rsetiw) o`ndiriwge ketken qa`rejetlerdin` tuwrı tu`rlengenligi belgilengen normalardın tiykarlang`anlıgı, skladqa tayar o`nimlerdi qabıl kılıw artıp jo`netiw, satıw protsesslerinin` esabı, olardan alıngan finanslıq na`tiyjelerdin` buxgalteriya hu`jjetlerinde tuwrı sa`wlelengenligin tekseriw.

Diyxan-fermer xojalıqlarında o`ndirislik protsessti auditlegende sol o`nim o`ndiriwge jumsalınatug`ın ha`m o`nimlerdi satıw menen baylanıslı bolg`an shıg`ınlardı auditlewden baslaydı. Miynetke haqı to`lew fondınan paydalanıwdı audit kılg`anda auditor bul fondtın` quramın tekseriw na`tiyjesinde og`an materiallıq xoshametlew sıylıqlar, materiallıq ja`rdem summaları kirgizilgenligin anıqlaydı.

Miynetke haqı to`lew fondının` bazis da`wir menen ag`ımdag`ı da`wirge salıstırıw na`tiyjesinde onın` kem yaki artıqsha sarpı anıqlanadı.

Auditor jumıstın` belgilengen sharayatınan shetke shıg`ıw sebeplerin jumıstın` toqtatıp qalıw ha`diyselerin, bayram ha`m dem alıs kunleri jumıska shıg`ıw na`tiyjesinde kosımsha is haqı esaplang`anlıg`ın anıqlaw ulken a`hmiyetke iye.

İs haqı fondının` artıqsha sarp bolıwına to`mendegi sebepler ta`sir kıladı. Miynet o`nimdarlıg`ı rejesin orınlamaslıq, jumıs ko`lemine kosıp jazıw,

jumısshılardın` artıqsha sanı, jumıs toqtap kalıwı, bayram ha`m dem alıs ku`nleriinde jumıska shıg`ıw:

- Auditor xojalıqta qollanılatug`ın miynetke haqı to`lew sistemaları formaları, jumıstın` sharayatların esapqa alg`an jag`dayda na`tiyjeliligin analizleydi;

- Miynetke hakı to`lewde jumısshı ha`m xızmetkerler menen duzilgen sha`rtnamalar sha`rtinin` saqlanıwın tekseredi;

- Esaplang`an miynet ha`m is hakı orınlang`an sha`rtnamada belgilengen normalarg`a tuwrı keliwi, orınlang`an jumıs ushın texnologiyalıq protsesslerde tuwrı kelmeytugın jumıs ha`m xızmetler ushın is hakı to`lew usılları bolmag`anlıgı;

- Orınlang`an jumıs ha`m xızmetler ushın esaplang`an is haqının` baslang`ısh hu`jjetlerinde tuwrı ra`smiylestiriw, naryadlar ha`m tabeller, sha`rtnamalar tiykarında orınlang`an jumıslardın` tuwrı keliwin hu`jjetlerde salıstırıw;

- Esaplang`an is hakıların pul natural ko`rinisinde o`z waqtında ha`m tuwrı to`leniwin tekseredi. Bunda miynet ha`m is haqı esaplaw hu`jjetleri menen pul to`lem vedomostı salıstırg`an jag`dayda tekseredi. Bul hu`jjetler bir birine tuwrı keliwi kerek, esaplang`an is haqıdan salıqlar, to`lemler ha`m baskada uslap kalınatug`ın summalar haqkında tiyisli hu`jjetlerde bolıwın da tekseredi. Auditor har bir jumısshı ha`m xızmetkerge is hakı esaplaw ha`m to`lew boyınsha jeke schettın` turaqlı ha`m de waqtınsha isleytugın jumısshı xızmetkerler boyınsha ashılg`an betlerin tekseredi. Jeke schetlar mag`lıwmatı baslang`ısh hu`jjetler menen tuwrı keliwi kerek: Jumısshı ha`m xızmetkerge sha`rtnama boyınsha alıng`an o`nimler ushın esaplang`an tiykarg`ı is haqı, sha`rtnamanı asırıp orınlaganı ushın, o`nimnin` sıpatı mug`darı esaplang`an kosımsha is hakının` tuwrılıg`ın tekseredi;

- Jumısshı xam xızmetshilerge jan`a texnologiyanı qollaw na`tiyjesinde artıqsha alıng`an o`nimler ushın esaplang`an ha`m to`lengen miynet xakı ham de sıylıqlardın` qaysı derek esabınan to`leniwi tekseriledi;

- Dem alıs yamasa keselxanada dawalanıwda bolg`an waqıtları ushın is haqı esaplaw jag`daylarının` ju`z beriwine itibar beriwi kerek;

- Shetten waqtınsha, ma`wsimli jumıslar ushın erjetpegen o`spirim balaların, xayalların, napaxalardag`ılardı shaqırsa, olarga to`lenetug`ın is xakı orınlanatug`ın jumıslardın` awır jen`ilin, normalarg`a ha`m miynet kodekslerine tuwrı keliwin tekseredi;

- Jumısshı ha`m xızmetshilerge dem alıs beriw ushın ajıratılg`an qarjılardı esapqa alıw, olardan tuwrı paydalanıw, dem alıs pulların o`z waqtında tuwrı esaplaw ha`m to`lew operatsiyalarının` ulıwma tuwrı keliwin tekseriw;

- İs xakı, napaka, dem alıs ushın alıng`an pul karjılarınan tuwrı paydalanıw;

- Lawazımlı shaxslardın` o`z ma`pi ushın miynet hakı fondınan, ajıratpalardan o`zlestiriw jag`daylarının` bolg`an - bolmaganlıg`ın tekseriw;

- En` za`ru`rlisi, puldın` qa`dirsizleniwi na`tiyjesinde miynet ham is hakını asırıwda hu`kimet karızlarının` orınlanıwın tekseriw;

- Kem ta`miyinlengen shan`araqlarg`a waktınshalıq is penen ta`miyinlengen o`z ka`sibin o`zgertiwshilerge ham baska imkaniyatka iye bolgan kisilerge balalarg`a to`lenetug`ın to`lemlerdin` nızamlıg`ın ha`m olardın` orınlanıwın tekseredi. Miynet resurslarınan paydalanıwdı audit kılg`anda tiykarınan to`mendegilerge itibar beriledi;

- Jumısshı ha`m xızmetkerler kuramı;

- Orınlanatug`ın jumıstın` ko`lemi norma boyınsha turaqlı xızmetkerler sanına;

- Aktsiya ham jamg`armalar ushın esaplang`an ha`m to`lenetugın dividendler;

- Tiykargı o`ndiristegi xızmetshilerge jardemshi;

- Shetten o`zinin` texnikası menen kelgen xızmetkerlerge;

- Baskarıw xızmetlerine esaplang`an ham to`lengen miynet hakı summaları.

Bul jerde auditor tiykarınan 6700 schettın` debet ha`m kredit aylanısların tekseredi. Xızmetshilerdin` ha`r qanday da`ramatınan da`ramat salıg`ı to`lengenligi sebepli 6400 schet summasında tekseriledi.

Auditorg`a tekseriw ushın tiykargı derek bolıp, miynet hakı esaplaw ha`m to`lew boyınsha baslang`ısh ha`m ulıwmalastırıwshı hu`jjetler esaplanadı.

Miynet resurslarınan paydalanıw, is hakı esaplaw ha`m to`lemnin` auditi boyınsha auditor juwmaq jazg`anda:

- miynet resurslarınan paydalanıw da`rejesi;

- orınlang`an jumıs ushın miynet xakının` tuwrı esaplang`anlıg`ı;

- esaplang`an miynet haqıg`a salıstırmalı sotsiallıq kamsızlandırıwg`a tuwrı ajıratpa kılıng`anlıg`ı;

- esaplang`an is haqıdan belgilengen stavkalarg`a tiykarlanıp da`ramat salıg`ının` o`z waqtında tiyisli sho`lkemlerge o`tkerilip berilgenligin;

- esaplang`an miynet xakının` jumısshı ha`m xızmetkerlerge o`z waqtında berilgenligin tiyisli belgilengen norma xam buxgalteriya mag`lıwmatları menen tuwrı keliwi yaki kelmesligi xakkında bayan kıladı:

Waqtına qarap miynetke xakı to`lew tekserilgende kontrakt, sha`rtnamalar sha`rtlerine tiykarlang`an jag`dayında tarif haqlar, norma u`steme to`lemlerdi tuwrı qollanıw ko`rip shıg`ıladı.

Jumıs waqtınan paydalanıw tabelleri ha`m naryadlar ko`rip shıg`ılg`anda olarg`a qosımsha shaxslar kiritiliwi tekseriledi. Bunın` ushın naryad ha`m tabeller mag`lıwmatı okladlar bo`limindegi xızmetkerlerdin jeke kuramı menen salıstırıladı. Da`slep to`lengen hu`jjetler boyınsha kaytadan is haqı esaplanıwı, bir neshe to`lem vedomosti takrarlanıw betleri anıqlanadı.

A`meliyatta orınlang`an jumısqa qosıp jazıw ushırap turadı. bunın` ushın o`ndiris boyınsha da`slepki hu`jjetler (naryad) o`nim islep shıg`arıw hu`jjetleri (nakladnoy) menen salıstıradı.

Bazıda bolsa, hesh kanday hu`jjet du`zbesten turıp xakı esaplanadı yaki qa`lbeki shaxslarg`a is hakı jazılıp, bul qunlar o`zlestiriledi. Bunı anıqlaw ushın xojalıqdag`ı jeke kuram dizimi, esap kitap vedomostları menen salıstırıladı.

Bunnan son` auditor is xakıdan uslap kalınatugın summalardı (daramat salıg`ı, avans, kredit, kemis keliw ham zıyanlardı qaplaw summaları) tuwrı esaplanlıg`ı tekseriledi.

## Tema: Diyxan-fermer xojalıqlarında o`ndirislik esaptı sho`lkemlestiriw, analizlew ha`m auditlewdi jetilistiriw.

I. Sabaqtın' maqseti:

Bazar ekonomikasına o`tiw sha`rayatında diyxan-fermer xojalıqlarının` xızmetin ja`ne de rawajlandırıwg`a qaratılg`an ilimiy tiykarlang`an talap ha`m a`meliy usınıslar islep shıg`ıwdan ibarat.

II. Sabaqta tu'sindiriliwi tiyis bolg'an tiykarg'ı atama ha'm tu'sinikler:

Bazar ekonomikası fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabın sho`lkemlestiriwdin` nızamshılıq tiykarları

Fermer xojalıqlarında buxgalteriyalıq esabın ju`rgiziwdin` a`piwayılasqan forması

Diyxan-fermer xojalıqlarına kreditler beriw ta`rtibi ha`m onın` esabı

Sabaq ushın za'ru'r buyımlar ha'm mag'lıwmat derekleri:

- 9 – klass sabaqlıg'ı

IV. Sabaqtın' basqıshları ha'm waqıttın' bo'listiriliwi:

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Sho'lkemlestiriw bo'limi | 2 minut |
| 2 | Jan'a temanı baslawg'a tayarlıq | 5 minut |
| 3 | Jan'a temanı tu'sindiriw:<br>a) pikir alısıw<br>b) o'z betinshe jumıs;<br>d) analizlew;<br>e) juwmaq | 27 minut<br>5 minut<br>10 minut<br>7 minut<br>5 minut |
| 4 | Jan'a temanı bekkemlew | 5 minut |
| 5 | Sabaqtı juwmaqlaw | 3 minut |
| 6 | U'yge tapsırma | 3 minut |

V. Sabaqtın’ basqıshları:

1. Sho’lkemlestiriw bo’limi

Sa’lemlesedi. U’yge tapsırma tekseriledi.

2. Jan’a temanı baslawg’a tayarlıq

Sabaq diyxan-fermer xojalıqlarında o`ndirislik esaptı sho`lkemlestiriw, analizlew ha`m auditlewdi jetilistiriw tiykarlarına sıpatlama beriw menen baslanadı.

3. Jan’a temanı tu’sindiriw.

Ma`mleketimiz awıl xojalıg`ında alıp barılıp atırg`an ekonomikalıq reformalar tu`rli mu`lkshilik ha`m xojalıq ju`ritiw formasındag`ı xojalıq sub`ektlerin qamrap alıp, olardın` rawajlanıwı ushın qolay huqıqıy, sho`lkemlestiriw-ekonomikalıq sha`rayatlardı jaratıw arqalı xalıqtı azıq-awqat o`nimlerine ha`m sanaattı shiyki zatqa bolg`an mu`ta`jin tolıg`ıraq qandırıwg`a qaratılg`an bolıp tabıladı.

Bu`gingi ku`nde ma`mleketimizde xojalıq ju`ritiwdin` orta tovar o`nimin jetistiriwshi g`a`rezsiz fermer xojalıqları, mayda tovar o`nimin islep shıg`arıwshı diyxan xojalıqları perspektivalı dep belgilendi ha`m bular boyınsha nızamlar ha`m kerekli huqıqıy ja`ne normativ hu`jjetler qabıl qılındı.

Diyxan-fermer xojalıqların jetistirgen o`nimlerinen paydalanıw da`rejesine qarap neshi 3 toparg`a bo`liwmiz mu`mkin?

Birinshisi – ko`p tarmaqlı diyxan-fermer xojalıg`ı, jetistirgen o`nimin tolıg`ınsha o`z mu`ta`ji ushın isletetug`ın tovar emes tutınıw xojalıg`ı. Bunday xojalıq jetistirgen ba`rshe o`nimlerin o`zi tutınadı ha`m shetke ulıwma o`nim satpaydı.

Ekinshisi – jetistirilgen o`niminin` bir bo`legi bazarda satıwg`a mo`lsherlengen, ko`binshe ayırım tu`rdegi o`nimlerdi jetistiriwge qa`niygelesken tutınıw – tovar xojalıg`ı.

U’shinshisi - derlik bir tu`rdegi o`nim jetistiriwge qa`niygelesken ha`m bul o`nimdi tolıg`ı menen bazarg`a shıg`arıwshı qa`niygelesken tovar diyxan xojalıg`ı.

Ha`zirgi ku`nde Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen o`nimler tiykarınan to`mendegi kanallar arqalı satılmaqta:

1. Diyxan bazarları.

2. Tutınıw sawda birlespeleri.

3. Tayarlaw ha`m qayta islew xojalıqları.

Diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen o`nimnin` tiykarg`ı bo`legi diyxan bazarları arqalı satıladı. Ma`mleketimiz bazarlarında satılıp atırg`an awıl xojalıq o`nimlerinin` tiykarg`ı bo`legi diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen o`nimler.

Diyxan-fermer xojalıqları pul da`ramatları bazarlarında o`zi jetistirgen o`nimlerdi satıw na`tiyjesinde payda boladı. Da`ramat mug`darı tiykarınan o`nimdi satıwdan kelgen tu`sim menen belgilenedi. Tu`sim bolsa o`nim jetistiriw, tovarlardı bazarg`a keltiriw (transport qa`rejetleri), saqlawg`a sarplang`an ha`m basqa qa`rejetlerdi qaplag`anınan keyin keletug`ın sap da`ramat esaplanadı. Sonlıqtan, diyxan-fermer xojalıqları iyeleri o`nim jetistiriw menen shug`ıllanadı ha`m usı arqalı o`z da`ramatların tikleydi.

Tiykarg`ı tutınıwshı ha`m tiykarg`ı bazar qalada jaylasqan. Respublikanın` pu`tkil territoriyasınan awıl xojalıq o`nimleri qalag`a bag`darlanadı. Qala bazarlarında o`nimdi satıw, alıp keliw ushın qolay sha`rayatlar jaratıw arqalı satılıp atırg`an o`nimler tu`rin, mug`darın ha`m sapasın ja`ne de asırıwg`a ha`m onın` satıw bahası pa`s bolıwına erisiw mu`mkin.

Bazar rastalarının` tiykarg`ı bo`legi zamanago`y usılda qurılg`an imaratlarda jaylasqan. Bazar transport qurallarının` keliwi ushın qolay. Onın` janında rayonlar ara avtostantsiya jaylasqan. Biraq, bazar territoriyasında suwıtqıshlı sklad jeterli bolmag`anlıg`ı ko`p g`ana tez buzılıwshan` o`nimlerdi saqlaw ha`m satıwda qolaysızlıq tuwdıradı. Ku`n ıssı waqıtlarda bunday o`nimler bir ku`nnin` o`zinde o`zinin` sapasın jog`altıp, tutınıw ushın jaramsız halg`a kelip qaladı. Sonday-aq, bazarda satılıp atırg`an su`t ha`m su`t o`nimleri ushın da bunday suwıtqıshlar o`te za`ru`r. Diyxan-fermer o`zi alıp kelgen o`nimin bir ku`n ishinde sata almasa,

saqlaw sha`rayatının` jamanlıg`ı sebepli sapası buzıladı ha`m ertesine ju`da` arzan bahada satıwg`a ma`jbu`r yaki ulıwma sata almaydı. Yaki bolmasa bazardag`ı alıp satarlarg`a o`te arzan bahada taslap ketedi. Eki jag`dayda da diyxan ha`m qarıydar da zıyan ko`redi. Diyxan o`z o`nimin arzan satıwı aqıbetinde o`z qa`rejetlerin qaplay almasa, qarıydar o`zine kerekli o`nimdi passiv ra`wishte asırılg`an qımbat bahada satıp aladı.

Fermer xojalıqları? – bul uzaq mu`ddetke berilgen jer uchastkalarınan paydalanıp, awıl xojalıq o`nimlerin jetistiriw menen shug`ıllanıwshı yuridikalıq ta`rep huqıqlarg`a iye bolg`an o`z aldına xojalıq ju`rgiziwshi sub`ekt bolıp esaplanadı.

Fermer xojalıqlarının` huqıqları menen minnetlemeleri, wa`killikleri O`zbekstan Respublikasının` «Fermer xojalıqları haqqında»g`ı nızamında, ustavında ha`m de ma`mleketimiz Prezidentinin` tiyisli Pa`rmanlarında ha`m de basqa da nızam hu`jjetlerinde ayqın belgilep berilgen.

Fermer xojalıqları jergilikli rayonlıq (qalalıq) ha`kimiyatlardan dizimnen o`tken ku`nnen baslap yuridikalıq ta`rep statusın aladı ha`m o`zinin` bankten esap betlerin ashadı. Bunın` ushın to`mendegi hu`jjetler talap etiledi:

9. Biznes planı
10. Fermer xojalıg`ı ustavı
11. Ha`kimiyat qararı
12. Statikalıq basqarmadan o`tken dizimi
13. Ma`mleketlik salıq inspektsiyası identifikatsiyalıq belgisi (nomeri)
14. Mo`r ha`m shtampı qag`azg`a tu`sirilgen nusqası
15. Fermer xojalıg`ı baslıg`ı ha`m buxgalteriya imzaları u`lgisi.
16. Bank basqarıwshısı atına arza beriledi.

Joqarıdag`ı hu`jjetler tiykarında bank ta`repinen fermer xojalıg`ı ushın san qoyılıp esap-beti ashıladı ha`m bank arqalı esap-kitap ju`rgiziwshi yuridik huqıqlı sub`ekt bolıp esaplanadı. Bul esap-beti arqalı fermer bank arqalı o`zinin` tiyisli

esaplaw jumısların alıp baradı ha`m sha`rtnama tiykarında fermer xojalıg`ı bank xızmeti ushın tiyisli normada xızmet pulın to`lep baradı.

Buxgateriya esabı jumısların sho`lkemlestiriw fermer xojalıqlarında «Buxgalteriya esabı tuwrısında» g`ı nızam tiykarında, 21 formadag`ı «Xojalıq ju`ritiwshi sub`ektler finans xojalıq jag`dayının` buxgalteriya esabı rejesi ha`m onı qollanıw instruktsiyası» boyınsha esap kitap jumısları alıp barıladı.

Oqıwshılardın’ juwapları tın’lanadı ha’m analizlenedi.

4. Jan’a temanı bekkemlew.

Bazar ekonomikası fermer xojalıqlarında buxgalteriya esabın sho`lkemles-tiriwdin` nızamshılıq tiykarları? Usı sorawdan temanı bekkemlewde payda-lanıw maqsetke muwapıq. Toparlarg’a 2 minuttan waqıt beriledi ha’m pikir-leri tın’lanadı.

5. Sabaqtı juwmaqlaw ha’m bahalaw.

Aktiv qatnasqan oqıwshılar bahalanadı ha’m jurnalg’a ra’smiylestiriledi.

6. U’yge tapsırma.

1. O’tilgen temanı u’yreniw ha’m qaytalaw.

2. Temada keltirilgen kesteni ha’r ta’repleme u’yreniw ha’m tu’sinikke iye bolıw.

## Juwmaqlaw

Rawajlang`an ellerde ekonomikanı rawajlandırıwdın` en` tiykarg`ı orta ha`m kishi biznesti rawajlandırıw arqalı a`melge asırılmaqta. Bul tiykarınan adamlarda jumıs penen ta`miynlew ha`m ko`birek daramat alıw menen birge bul xojalıqlarda o`z qa`niygelesiwin tez o`zgertiw uqıbına da iye.

Demek, bul jetiskenliklerdi anıq, tuwrı sa`wlelendiriw esap-kitap xızmetkerlerinin` de o`zlerine jarasa u`lken xızmetleri bar ha`m olardın` da o`z aldına u`lken juwapkershilikli wazıypalardı ju`kleydi.

Bizin` ilimiy jumıstın` na`tiyjeleri boyınsha fermer xojalıqların rawajlandırıw ha`m olardag`ı esap-kitap jumısların jetilistiriw ushın to`mendegi ayırım usınıslardı qollaw ha`m qadag`alaw kerek dep oylayman.

- Agrar sektordı bunnan bılayda rawajlandırıwg`a, ekonomikalıq g`a`rezsizlikke erisiwde fermer xojalıqlarına elede ekonomikalıq erkinlikler beriw ha`m joqarıdan buyrıqlar ko`rsetpeler beriwdi ha`m jergilikli ha`kimiyatlardın` aralasıwın toqtatıw;

- fermerlerdin` bilim ha`m ta`jriybelerin jetilistiriwdi ja`ne de ku`sheyttiriw, sebebi, ko`pshilik fermerlerdin` ta`jriybesinin` kemligi ha`m o`z xuqıqların bilmewi u`lken zıyan tiydirip atır. Bunın` ushın tu`rli kurslar sho`lkemlestirip, olardın` ekonomikalıq ha`m xuqıqıy sawatlıg`ın ko`teriw, normativ hu`jjetlerdi, buxgalteriya esabı hu`jjetlerin jaqsı bilip alıwın, ha`m de tuwrı sheshim qabıl etiw uqıplılıg`ın ta`miynlew kerek;

- Fermerlerdin` jetistirgen o`nimlerin o`zleri qayta islew ha`m de olardı o`zleri satıw imkaniyatların jaratıp beriw, na`tiyjede bir neshe fermerler qatnasında shet el investitsiyaların alıp keliwge erisiw. Bul o`z na`wbetinde esap-kitap jumısların du`n`ya standartları da`rejesinde fermerlerge u`yretiwge alıp keledi;

- Fermer xojalıg`ın ele de rawajlandırıw ushın o`zlerinin` bilim ha`m materiallıq imkaniyatları joqarı fermerlerge jerler keminde 50 gektardan beriliwi kerek. Sebebi, materiallıq jaqtan to`men, bilim da`rejesi sayız fermerler

xojalıg`ındag`ı esap-kitap jumıslarında tuwrı tu`sinip alıp baralmaydı ha`m de 15-20 gektar jerge iye fermerler ha`zirgi intexnikalardan (Magnum, Keys) paydalanıw imkaniyatına iye emes. Bul o`z na`wbetinde, agrotexnikalıq ilajlardın` orınlanbawına ha`m artıqmash qa`rejetler jumsalıwı na`tiyjesinde finanslıq resurslardın` jetispewine alıp keledi;

- Fermer xojalıqlarında finans resurslarının` turaqlı ta`miynlenbewi jetistirilgen o`nimler ushın aqsha qarjılarının` o`z waqtında kelip tu`spewi en` keshirilmeytug`ın awxal, na`tiyjede fermerler o`z islewshilerinin` miynet haqısın, salıq to`lemin, kerekli material, janar maylar waqtında ta`miynley almag`anı ushın u`lken qıyınshılıqlar tuwılmaqta. Demek, satılg`an o`nim ushın aqsha qarjılarının` waqtında to`leniwin ta`miynlew u`lken wazıypa bolıp esaplanadı;

-Fermerlerdi keleshekte o`nimlerin sırtqa satıw ushın du`n`ya ju`zlik standartqa say buxgalteriya esabın, audit ha`m salıq nızamların u`yretiw. Bul arqalı fermerlerimizdin` ekonomikalıq bilim da`rejesin asırıwg`a erisemiz;

-Fermerlerdin` jetistirgen awıl xojalıq o`nimlerinin` bahasın respublikamızdın` ekologiyalıq jag`dayların esapqa alg`an halda joqarılatıw en` u`lken a`hmiyetli ma`sele bolıp esaplanadı. Sebebi, bizde jetistirilgen awıl xojalıq o`nimleri bahası basqa regionlarg`a salıstırg`anda arzan. Bul fermerlerdin` ekonomikasına tikkeley zıyanın tiydirip atır.

- du`n`ya ju`zilik buxgalteriya standart talaplarının` orınlanıwın qatan` a`melge asırıw;

- buxgalteriya esabına agroservis xızmetin ashıq ha`m ayırım analitik schetlarda ha`m ma`mleketlik emes ka`rxanalarda ju`rgiziliwi kerek;

- schetlardın` tez-tez o`zgeriwine sheek qoyıw, sebebi ha`zirgi waqıtta esap xızmetkerlerinin` jumısların durıs alıp barıwg`a kesent etpekte;

- awıl xojalıq tarawında qollanılatug`ın tiykarg`ı schetlar boyınsha jan`a reje tiykarında xızmetkerlerdi qayta tayarlaw;

- buxgalteriyalıq esapta texnikalardan paydalanıw boyınsha tiyisli huqıqıy hu`jjetlerdi ele de jetilistiriw;

- lizingke berilgen texnikalardın` qaytarılıwı mu`ddetin sozıw ha`m sol arqalı protsent kemeytiw.

Joqarıdag`ı usınıslar ha`m pikirler esapqa alınsa bizin` regionımızda awıl xojalıg`ın jan`asha ju`rgiziw usılı – fermerlik ja`ne de rawajlanadı. Na`tiyjede sol fermer xojalıqlarda islewshi 62,0 mın`nan aslam islewshilerdin` shan`arag`ı ekonomikası jaqsılanadı ha`m respublikamızdın` gu`llep jasnawı ushın o`z miynetin isley beredi.

Paydalanılg`an a`debiyatlar

1. Karimov İ.A. . Mustaqil Wzbekistonning davlat siosati insanıylik va ezgulik qonunlariga asoslanadi. // Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. / İ.A. Karimov. - T.: „Wzbekiston" NMİU, 2011.g.
2. Karimov İ.A. Wzbekiston dunyo xaritasida wziga munosib joy oldi. // Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. / İ.A. Karimov. — T.: „Wzbekiston" NMİU, 2011.
3. O`zbekstan Respublikası Konstituttsiyası T. O`zbekstan 1992 j
4. İ. A. Karimov. «Wzbekiston iqtisodiy islohotlarni chukurlashtirish ywlidi» - T. : Wzbekiston», 1995 yil.
5. Karimov İ.A. Xalkimizning yuli mustakillik, ozodlik va tub islohotlar yulidir.-Toshkent 1996g.
6. O`zbekstan Respublikasının` «Buxgalteriya esabı tuwrısındag`ı Qonuni» 1996 j 30-avgust
7. Fermer xojalıg`ı tuwrısında O`zbekstan Respublikası Qonuni 1998-jıl 30-aprel`
8. «Buxgalteriya esabının` milliy standartları» Tashkent 2004 j.

11.Wzbekiston respubkasining «Qishloq xwjalik kooperativi (shirkat xwjaligi) twg`risida»gi Qonuni. Wzbekiston qishloq xwjaligida islohotlarni chuqurlashtirishga oid qonun, hukumat qarorlari va me`eriy xujjatlar tuplami. T.: Wqituvchi 1998. yil.

12. Wzbekiston respubkasining «Fermer xwjaligi tug`risida»gi Qonuni. Wzbekiston qishloq xwjaligida islohotlarni chuqurlashtirishga oid qonun, hukumat qarorlari va me`eriy xujjatlar tuplami. T.: Wqituvchi 1998. y

13. Wzbekiston Respubkasining «Dehqon xwjaligi twg`risida»gi Qonuni. Wzbekiston qishloq xwjaligida islohotlarni chuqurlashtirishga oid qonun, hukumat qarorlari va me`eriy xujjatlar tuplami. T.: Wqituvchi 1998 y.

14. Xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektlerdin` finans xojalıq xızmeti buxgalteriya esabı schetlarının` rejesi ha`m onı qollanıw boyınsha instruktsiya. T. - 2004 j.

15. Wzbekiston Respublikasining «Auditorlik faoliyati twg`risida»gi Qonuni 2004 y. 26 may.

16.Wzbekiston Respubkasining «Qishloq xwjalik korxonalarini sanatsiya qilish twg`risada»gi Qonuni. Qishloq xwjaligida islohotlarni chukurlashtirishga doir qonun va me`eriy hujjatlar twplami. Toshkent.: Sharq 2-qism, 1998 yil.

17.Wzbekiston Respublikasining «İjara twg`risida»gi Qonun. Wzbekiston Respublikasining qonunlari.-T.: Adolat 1993 yil 3-son.

18. «Nomoddiy aktivlarni balansdan chiqarish tarbi tugrisidagi nizomini tasdiqlash haqida» Wzbekiston Respublikasi Moliya vazirligining 2005 yil 14-dekabrdagi 105 son buyrug`i

19. «Wzbekiston Respublikasi» buxgalteriya xisobining milliy standarti (w-son BXMS) «Nomoddiy aktivlar» ni tasdiqlash tugrisida» Wzbekiston Respublikasi Adliya vazirligi tomonidan 2005 yil 12 apreldagi qw sonli buyrigi

20.O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` «İsbilermen sub`ektlerin tekseriwdi ja`nede qısqartıw ha`m onın` sistemasın jetilistiriw ilajları haqqında» g`ı 5-oktyabr` 2005 jıl 3665 sanlı Pa`rmanı.

21. O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` «O`zbekstan Respublikasının` 2006-jılg`ı tiykarg`ı makroekonomikalıq ko`rsetkishleri prognozı ha`m Ma`mleketlik byudjetinin` parametrleri haqqında»g`ı 27-dekabr` 2005-jıl 244-sanlı Qararı.

22. O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 2000-jıl 30-oktyabrdegi 476-sanlı «2004-2006 jıllarda fermer xojalıqların rawajlandırıw kontseptsiyasın a`melge asırıw ilajları haqkında»g`ı qarar.

23. Umarova M., «Buxgalteriya esabı» O`zbekstan, T. 2004-jıl.

24. N. Sanaev, X. Abdisalamov «Fermer xwjaliklarida ish va hisob kitob yuritish» «Sharq» T. 2001 yil

25. D. Dwsmuratov «Fermer xwjaliklarida buxgalteriya hisobini yuritish» Toshkent Agrar Universiteti 2004 yil.

26. İsmaylov Q, Sitmuratov T, Bayjanov S. «Jan`a schetlar boyınsha buxgalteriya esabın ju`rgiziw» Nukus «Bilim» 2004-jıl

27. Sitmuratov T, Dawletbaev O ha`m basqalar «Buxgalteriya esabı teoriyası» No`kis «Qaraqalpaqstan» 2006-jıl.

28. K. B. Urazov «İqtisodiyotni erkinlashtirish sharoitida buxgalteriya hisobining kontseptual masalalari» FAN Toshkent 2005 yil.

29. M. Ochilov D Azlarov «Moliyaviy hisob-2» Toshkent 2004 yil

30. A. Juraev N. Ortıqov «Soliq qonunchiligi asoslari» Moliya-2004 yil.

31. Bozor, pul va kredit jurnali 2004-2005 jıllar sanı.

32. Xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektlerdin` finans xojalıq xızmeti buxgalteriya esabı schetlarının` rejesi ha`m onı qollanıw boyınsha ko`rsetpe. T. - 2004 j.

33. O`nimlerdi satıw ha`m islep shıg`arıw boyınsha shıg`ınlardın` quramı ha`m finans na`tiyjesin du`ziw haqqındag`ı Reje. Tashkent - 2000 j

34. Yu.İtkin h.t.b. «O`zbekstan bazar ekonomikası sha`riyatında buxgalteriya esabı» 1-2 tom. Tashkent - 2000 j.

35. A.S.Sotivoldiev, Yu. M. İtkin. «Zamonaviy buxgalteriya hisobi». 1-2 tom. Tashkent - 2002 j.

36. Qadirov A. Bozor iqtisodietiga wtish sharoitida ijara va ijara munosabatlari asosida xwjalik yuritishning samaradorligini oshirish ywllari. - T.: 1999 yil

37. Qarao`zek rayonı «Bayterek» diyxan-fermer xojalıg`ı esabatı mag`lıwmatları.